

Senkyèm So A

63-0322

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Annou koube tèt nou kounye a pou lapriyè.

2 Papa nou ki nan Syèl la k ap fè gras, Bondye Toupwisan an, Ki fè Jezikri leve soti vivan nan lanmò, epi prezante L ba nou nan dènye jou sa yo, nan Pwisans Sentespri a, nou rekonesan pou vizit pwisan Bondye imòtèl sa yo. E kounye a, Papa, n ap fè fas a yon lòt lè, yon lè ki ka chanje destin Etènèl anpil moun.

3 E pou apwoche sa, Seyè, nou pa sifi. Paske, se nan Lèzekriti, ke “Ayo a te pran Liv la epi Li te louvri So yo.”

4 O, Ayo Bondye a, vini, nou priye. Nou envoke W Seyè, gran Redanmtè a. Vini epi montre nou plan redanmsyon W lan ki te kache atravè lane yo, antan W ap brize Senkyèm So sa pou nou aswè a, Papa, epi revele kisa k dèyè So sa pou nou; pou nou ka pati antan ke meyè Kreyen ke jan nou ye kounye a, pou nou ka mye prepare pou travay k ap tann nou pi devan. Nou mande li nan Non Jezi. Amèn.

Nou mèt chita.

5 Bonswa, zanmi. Mwen konsidere sa kòm yon gran privilèj pou m isi a aswè a, nan gran evènman sa a. M pa konn ki lòt kote m te ka santi m pi byen, ke pou m ap fè travay Wa a. E kounye a nou vin sitou pou leson sa yo ke n ap tann lan; si L pa ta revele L pou mwen, m pa ta ka ban nou L. M p ap eseye itilize okenn nan pwòp panse pa m yo ni anyen lòt; se jis jan L va bay Li. Se vre. E mwen--mwen sèten, si m pa itilize pwòp panse pa m yo, epi L ap vini jan L dwe vini. E diran tout lavi, Li pa janm fo. Li p ap fo fwa sa a.

6 Kounye a, se jis avèk anpil glwa ke nou trè, trè rekonesan pou sa Li fè pou nou, gran bra misterye Bondye vivan an! Kisa k te ka pi gran, kijan pou n te ka yon pèp ki pi privilejye ke jan nou ye a, alòske nou gen nan prezans nou Wa dè wa yo, Seyè dè seyè yo?

7 Nou ta ka petèt souffle siflèt epi--epi monte drapo, epi woule tapi ak tout lòt bagay, pou Prezidan nasyon an vini nan vil la. Men, jis panse, sa t ap kòrèk, e sa t ap yon lonè pou vil la.

8 Men panse. Nan ti tabènak enb nou an, aswè a, nou envite Wa dè wa yo, Bondye. E nou pa...Li pa vle pou nou dewoule tapi, e latriye. Li vle pou nou prezante L kè enb, pou ke Li ka pran ti kè enb sa yo epi revele yo bon bagay yo--yo ke Li rezève pou tout sa yo ki renmen Li.

9 Bon nou te mande...E m gen yon temwayaj ke m ta renmen--m ta renmen bay. Bon, si m pa twonpe m sou sa; m fèk tande l, e sa ka rive ke mwen twonpe m. Men mwen kwè ke moun yo isit la, e temwayaj sa a konsène yo.

10 E alò, kèk jou pase, lè m te nan kay kote m ye kounye a, nan Arizona--nan Arizona, nou te resevwa yon--yon apèl ki di ke te gen yon ti gason ki te gen fyèv rimatik. E sa ka al nan kè l. E li te yon tèl ...Manman l ak papa l si tèlman janti, yo se zanmi presye m. Se te pa nou...youn nan dyak nou yo isit la, nan legliz la, Frè Collins. Ti gason l lan, ti Mikey, zanmi Joe, li t ap souffri ak fyèv rimatik nan kè. E doktè yo te voye l lakay li, mete l kouche sou kabann, e yo te di paran yo pou yo pa menm kite l leve, ni leve tèl li anlè, pou bwè dlo. Li te dwe bwè l nan yon chalimo; li te sitèlman malad. E paran yo, se fidèl, ki frekante tabènak la isi a, e yo kwè.

11 E lòt jou swa pase, se pa ke n ap eseye tann, nou te anonse gerizon divin pou dimanch. Men, nou wè ke nou gen kesyon pou reponn, kifè nou oblije anile sèvis gerizon an.

12 Epi mwen te gen yon ti bagay ke mwen te kenbe anndan m, nan kè m.

13 Epi manman an ak papa a te bezwen konnen si yo te ka pote timoun lan nan biwo a--a. E yo te pote ti kanmarad la dèyè a la, e Sentespri a te deklare l geri.

14 E alò, paran yo, ki te gen respè pou sa, yo te mennen ti kanmarad la lakay li epi yo te voye l lekòl, yo te jis voye l lekòl.

15 Doktè a te vin okouran de sa, kifè doktè a pat trè kontan ak yon tèl bagay. Alò, li te di manman an ke ti bebe a ta dwe nan kabann, natirèlman. E li rakonte l istwa a. E mwen kwè ke nonm lan se yon, mwen konprann, se yon kwayan Kreyen, nan yon denominasyon. Yon--yon Advantis Setyèm jou, doktè a ye. E alò li di: "Ebyen, ou ta dwe...se tan pou timoun lan, pou m egzamine sa." Li di: "Ou ta dwe, omwen, fè yo egzamine l."

Li di: "Trè byen."

16 Li te mennen timoun lan, epi doktè a te egzamine l, nan san, kote fyèv rimatik la te layite kò l. E alò mwen konprann ke doktè a te sitèlman sezi li pat konn sa pou l fè. Ti gason an te pafètman nòmal, sen e an bon sante, pa yon...?...yo pat jwenn.

17 Bon, èske Collins yo isit la? M ka rakonte sa mal. Mwen vle...Èske se sa, Sè Collins? Wi. Trè byen. Wi. Sa se ti Mikey Collins, li jis gen apeprè sis, oswa sètan.

18 E sa te pase jis nan biwo a, sa fè apeprè twa sware. O, yo...Te dwe gen yon Moun nan biwo sa a anplis yon èt imen! Se te gran e pwisan Jewova a--a, se vre, ki vini pou onore Pawòl Li. E mwen sitèlman rekonesan pou m tandè sa. Ou wè? Mwen konnen nou tout rekonesan. Pa sèlman mwen, men nou tout, paske e si se te--te ti gason pa w oswa ti gason pa m?

19 E, sonje, M ap bay temwayaj, jis kòm yon sèl, epi m chwazi youn isi epi youn la. Sa ap pase tout kote, men jis pou kite w konnen ke--ke vrè ministè mwen se gerizon Divin. Men ou...mwen isi a pou So sa yo. Paske, yon ti kras pita, nou va konprann poukisa m te dwe fè sa. E, alò, m pa yon doktè, m pa yon teyolojyen. Mwen--mwen jis ap priye pou malad yo, e mwen renmen Seyè a. E kounye a, kounye a konsènan sa, byen ke, sa...

20 Yè swa nou te bay yon temwayaj konsènan yon ti fi...Mwen gen non li. E Billy genyen l isit la kounye a. E ti fi sa a te nan dènye etap lesemi, jis apeprè...Jis sitèlman malad ke yo pat kapab nourir l nan bouch ankò; li te dwe...yo te dwe ba li transfizyon san. E li te yon bèl ti kreyati. Li te piti pou laj li, apeprè tankou ti dam sa a isi a, mwen sipoze. Men li te apeprè wotè sa a, trè...Yo te tankou laplipa nan nou. Ou te ka di pa fason timoun lan te abiye, ke...e paran yo, ke yo te trè pòv, jis trè pòv, e alò, men yo te trè reveran. E Sentespri a te deklare timoun sa a geri.

21 Kounye a, jis panse a sa, avèk lesemi, ti kanmarad sa a. E san an te sitèlman pat bon ke yo pat ka nourir l nan bouch ankò. Li te dwe pran, ale nan lopital epi pran san, oswa transfizyon nan venn, pou nourir l; mwen devine, glikoz, oswa yon bagay. M pa konnen ki vokabilè medikal ki ale ak maladi sa a, men, poutan, yo te dwe nourir fason sa a. E anvan timoun lan te kite plas la, li te kriye pou yo ba li yon hamburger.

22 E paran yo, lè yo fin tandè Sentespri a, deklare MEN SA SEYÈ A DI, ou wè, yo...E, yomenm, etranje ke yo ye, yo pat janm ozalantou anvan sa. Men yo...Yon--yon vye koup admirab ki jis sot chwazi chèz pou yo, kèk minit de sa, Frè ak Sè Kidd, te enstwi yo sou sa pou yo fè, e sou sa pou yo tandè. E timoun lan te manje nouriti li sou wout pou l al alkay li.

23 De oswa twa jou apre sa, li te tounen lekòl. E li te tounen kot doktè a, e doktè a te sitèlman sezi! Li di: "Pa menm gen yon tras lesemi nan timoun lan." Ou wè? Kounye a, sa se enstantaneman, sa se presi, sa pran Pwisans Bondye Toupwisan an, pou pran yon san epi netwaye l, jis konsa, epi--epi remete pulsasyon yon nouvo vi ladann. Paske san ou--ou se lavi mòtèl ou. E pou kreye nouvo selil, epi netwaye ansyen an! E--e kisa sa ye, se absoliman... M ta ka di sa, se yon ak de kreyasyon de Bondye Toupwisan an; pou pran yon--yon san ki fin kontamine ak kansè, jouk ti kanmarad la, te vin jòn epi anfle, e, jis nan yon ti espas tan, yon nouvo san tou nèf!

24 Mwen kwè...Mwen pa pral di l nan Non Li; M pral di l nan...nan revelasyon lafwa mwen, sa k te pase nan Sabino Canyon lòt jou a. Mwen kwè ke lè a ap apwoche, kote manm ki manke pral restore, ak Pwisans gloriye Kreyatè a. Mwen--mwen kwè, si L ka fè yon ekirèy parèt, ki pat gen...Isi se yon nonm oswa yon fanm, ki jis manke yon manm. E sa se yon animal konplè, poutèt pa l. Li se Bondye. Mwen--mwen renmen L.

25 Ebyen, bon, mwen te konmanse sou sijè sa yo, epi nou jis ap pale. Epi gen moun ki apiye sou miray yo, epi ki kanpe nan koulwa yo epi nan sal yo, e latriye, kifè m pral tout dwat nan Mesaj la.

26 E mwen vle di sa, e mwen vle remèsye Li Ki omniprezan. E, ke, jodi a, antan m pat konn anyen sou Senkyèm So sa a, Li te vini nan menm fason misterye sa a, maten an, jis aniwon inè anvan jou leve, lè m t ap priye. E jodi a...

27 Mwen jis rete senk oswa sis dènye jou sa yo, jis nan yon ti chanm, m pa wè pèsòn. M jis soti pou m manje repa m avèk--avèk yon zanmi, ak kèk nan zanmi m yo isit la. E, natirèlman, nou konn kilès zanmi sa ye, se Frè ak Sè Wood. Wi. E--e ou konnen, e m t al laba epi--epi m rete avèk yo, e tout moun te janti. E pat gen anyen, jis senpleman...

28 M ap eseye rete dirèk ak Mesaj sa a sou So yo. Se enpòtan. Mwen kwè se--se lè pou Li revele, se tan revelasyon Li.

29 E bon mwen vle w sèten kounye a, bonè, anvan, osito ke w kapab, ekri sa w pa konprann sou--sou Sèt So sa yo, si w genyen yo, epi depoze yo sou chè a. E petèt Frè Neville oswa yon moun ka mete yon bwat isi a la. [Yon moun di: "Men bwat la."--Editè a.] O, men li--men li, mwen wè yo kounye a. Se byen. Mwen ta prefere genyen yo aswè a, pou ke petèt m ka etidye yo yon moman, pou dimanch maten. Bon, pa, lè sa, lè sa menm, pa fè demann, tankou pou di: "Èske evidans Sentespri a se sa?" Ou wè? Mwen--mwen ta renmen konnen apwopo de sa, sou sa m anseye, ou wè, pou nou ka rete sou menm sijè a (tankou sèt laj yo) dirèk, ou wè, paske se sa n ap trete kounye a.

30 Bon, tankou nou te pral priye pou malad yo, alò sa pran petèt yon--yon priye diferan. E nou wen, nou vini pou yon bagay diferan, ou konnen. E n ap chache Bondye, pou n wè: "Èske pral gen yon moun laba aswè a, Seyè?"

31 "Wi, pral gen yon moun ki pote yon rad jòn, k ap chita nan kwen dwat la. E lè w va rele l, rele l *sesi*. Epi di *tèl e tèl* bagay li te fè. E li te gen *tèl e tèl* bagay." Epi ale laba epi siveye, e men li la. Ou wè? Men li, ou wè. Se diferan. Ou wè?

32 E men fason, m ap priye: "Seyè Jezi, ki entèpretasyon Sa genyen? Revele m Li." Amèn.

33 Kounye a, ann soti Epe nou--nou yo ankò kounye a, epi, Pawòl la.

34 E mwen apresye sipò esprityèl Frè Neville, osi byen ke lanmou fratènèl li, la dèyè m lan, ap priye pou mwen. E nou tout ki la, tou. E, kounye a, aswè a se vandredi swa, n ap eseye, jis fè l jan...nou...

35 Nou pa ka trete tout bagay, se pa posib. nou... Paske, nou ta ka pran Sa, jis youn nan So yo, epi rete, jis--jis mennen L atravè Lekriti, jouk sa bout. Ou wè? Sa t ap pran dè mwa e dè mwa e dè mwa, e nou pa t ap rive genyen L, paske So a Limenm lye Lekriti a nèt, soti nan Jenèz rive nan Apokalips, yon sèl So Ladann.

36 Alò sa m ap eseye fè, se, evite pou m pa ekate m de Sa, m ap note yon Ekriti, oswa--oswa yon ti nòt isi a yon kote, epi evite...Jis kontinye sou yon sèl bagay, m dwe veye, paske, m sèlman...Pale, m ap pale an--an pasan...Mwen-mwen espere se enspirasyon kòrèk la. Epi lè m--lè m bese je m gade pou wè...E lè mwen--mwen konmanse pale, e si mwen santi m soti andeyò sijè a, m ap vire tounen, m ap pran yon lòt direksyon, m ap eseye pran yon lòt Ekriti, pou m antre sou pwèn sa, ou wè, pou m on jan fè limyè klere sou bò sa a, olye m chache kontinye sou sa.

37 E alò kounye a nou pral eseye etidye aswè a, ak gras Bondye, avèk èd Li, Senkyèm So a--a. E se youn ki kout. Li yon ti kras pi long ke lòt la. Kat kavalye yo, kounye a, yo chak te nan de vèsè, e sa gen twa vèsè ladann. Bon, Senkyèm So a konmanse, ak chapit 6 Apokalips la, nan vèsè 9 la.

38 E, bon, si sa ta rive ke w se yon--yon etranje ki poko tande kat kavalye sa yo, ebyen, ou...Ou wè, pafwa ou--ou jis rekile epi--epi ou ajoute yon bagay, e lè w fini, ou espere ke moun yo va konprann Li. Kifè si gen yon ti bagay ou pa konprann, ebyen, jis on jan sipòte yon ti kras. Oswa, pran kasèt la epi tande L, epi--epi mwen sèten ou va--ou va tire yon benediksyon Ladann. Mwen beni. Mwen--mwen espere ke--ke se menm bagay pou ou.

39 Bon, tout moun prè, depi vèsè 9 la kounye a rive nan 11 lan, oswa 11 lan enkli.

E lè li te louvri senkyèm so a, mwen te wè anba

lotèl la nanm sila yo ki te imole pou pawòl Bondye a

epi pou temwayaj ke to te rann:

Epi yo t ap rele byen fò: Jouk kilè, O Seyè, ki sen

e ki verite a, ou ap...jije epi tire vanjans pou san

nou sou sila yo ki abite sou latè?

E yo te bay yo chak yon wòb blanch; epi yo te di yo,

ke yo ta dwe rete repoze ankò pou yon--yon ti tan,

jouk kantite frè ak kanmarad sèvis yo ki gen pou

mouri tankou yo a fin kont.

40 Bon, sa pito misterye. E kounye a poutèt kasèt yo, ak moun klèje yo ak doktè yo ki chita prezan isit la, bon, si w gen yon lide diferan sou Sa; se te menm bagay la pou mwen, tou. Men mwen jis pran L pa enspirasyon, sa konplètman chanje lide m sou Sa. Ou wè?

41 Epi mwen dekouvri, kòm nou wè bagay sa yo revele, Sa konkòde byen epi Li mennen laj legliz sa yo ak Lèzekriti ansanm, epi Li lye yo. Ou wè? E se pou rezon sa ke mwen kwè ke Li vin de Bondye. Kounye a, nou reyalize sa.

42 E m ap panse ke pafwa nou depann de sa yon gran doktè ka gen pou di sou Sa. Ou wè? E sa se--sa se kòrèk. M pa kondane doktè a, non pa ditou. E m pa kondane pèsòn. M jis kondane peche, enkredilite; pèsòn.

43 E kèk moun di: "Ou kondane òganizasyon." Non. M pa kondane òganizasyon. M--m kondane sistèm òganizasyon an; pa moun yo ki ladann lan, gwoup moun ki fòme òganizasyon an, ou konnen. Men sistèm ki domine yo a, se sa m kondane, Katolik ak Pwotestan, se menm. O la la! Mwen gen...

44 Kèk pami meyè zanmi ke--ke--ke m konnen yo, se Katolik, jis...?...Èske w reyalize...E nonm lan ka chita isit la aswè a, petèt se sa. Sèl fason nou te arive fè konstwi tabènak sa a, paske yon Katolik Women te leve kanpe sou pye l nan tribinal isit la, epi l t al nan fron batay pou mwen, e, gason, kòm pèsòn pa t ap fè. Se vre. E yo pat kapab rejte l. Se vre.

Epi li di: "Yo te gen chif la, 'Twòp moun.'"

45 Li di: "O, sa p ap fè katreven an plis nan legliz sa a, konsa." Li di: "Legliz sa a kanpe la." Li di: "Mwen--mwen konn pastè a, ak tout bagay konsa." Epi li di: "Legliz sa a kanpe la." Li di:

“Rès lòt yo ka ajoute sou li, e poukisa yo pa kapab? Yon Katolik Women, bon zanmi m. Ou wè? Wi, mesye.

46 Yon--yon gason ki se yon--yon Katolik, yon vrè zanmi wayal pou mwen, t ap pale avè m. Li te gen yon sèten magazen materyo konstriksyon; anvan m te pati. Li di: “Billy, mwen--mwen konnen w pa kwè nan sistèm relijyon nou an.” Li di: “Men m ap di w kounye a menm,” li di, “Bondye sitèlman onore priyè w pou nou! Mwen kwè, si w tonbe nan twoub nenpòt kote nan nasyon an,” li di, “chak Katolik nan peyi a t ap vin pote w sekou.” Alò, ou wè, sa se...

47 Li di: “Tout sa yo k ap pote kwa a,” se konsa li rele yo. M pral di l jis jan l te di l la. Natirèlman, yo pretann yo konsa paske Kreyen primitif yo te konn pote kwa yo sou do yo. Nou konnen sa atravè listwa. E yo pretann yo se Kreyen primitif, se sa yo te ye, men sistèm lan fè yo soti nan chimen sa a, ou wè.

48 E moun sa yo, ke l Katolik, oswa Jwif, oswa kèlkeswa sa l ye a, yo se èt imen ki soti nan menm pyebwa a kote n soti a. Ou wè? Se vre. Yo se--yo se moun ki ki renmen, epi manje, epi bwè, epi dòmi, e jis tankou nenpòt ki moun. E alò nou pa dwe janm kondane endividi yo, non, pèsòn, ou wè. Men, nou pa dwe kondane endividi yo.

49 Men, antan ke yon minis, mwen dwe frape sèpan sa a ki la, k ap mòde moun sa yo, ou wè. E m pa--m pa menm... Jis mwen, e mwenmenm, m pa t ap fè sa si se pat yon komisyon ki soti kot Bondye, ke m oblije fè l, ou wè. E mwen dwe kenbe sa vrè e fidèl.

50 Men si yon Katolik, Jwif, oswa kèlkeswa sa l te ye a, vin isit la; si l te yon Mawometan, Grèk, oswa Òtodòks, oswa kèlkeswa sa l te ka ye a. Si l vin isit la pou yo priye pou li, m t ap priye osi sensè pou li ke m t ap fè pou pa m yo. Se vre. Se sèten, paske se yon èt imen. E mwen priye pou Boudis, ak Sik, Jains, Mawometan, e--e tout kalite, ou wè, konsa. E m pa poze yo okenn kesyon; M jis priye pou yo, paske yo se yon moun, yon èt imen ki vle geri, e m vle rann lavi a on ti kras pi fasil sou wout la pou yo.

51 Kounye a nou reyalize, ke, nan bagay sa, epi anpil nan nou isi a ke mwen konnen, gen omwen de oswa twa vrè eridi ki chita isi a. E--e yo entelijan, yo etidye doktrin lòt nonm sou sijè sa a. E mwen vle frè sa yo konnen ke m--m p ap kondane mesye sa yo. M jis ap eksprime sa Bondye montre m. E se tout sa m genyen.

52 Kounye a, nou pa janm vle panse, paske yon ti fanm jis ap fè lesiv oswa--oswa yon jèn gason jis ap laboure laba a, yo pa kapab resevwa yon revelasyon nan men Bondye. Paske, ou wè, sa...Bondye, Li revele Tèt Li an reyalite nan senplisite. Se sa, nou te wè sa dimanch, se ak sa nou te konmanse, kouman Li revele Tèt Li nan senplisite L. Se sa k fè ke Li gran.

53 Kounye a kite--kite m jis...Kite m jis revize sa pou yon minit. Kisa k fè Bondye gran, se paske Li ka fè Tèt Li si tèlman senp. Se sa ki fè Li gran. Bondye gran, e Li ka mete Tèt Li nan yon fòm si tèlman senp ke save nan mond sa a pa ka wè L. Yo jis pa ka wè L, paske Li fè Tèt Li two senp. Kounye a gade. E bagay sa, nan limenm, se mistè revelasyon Jezikri a. Ou wè? Bagay sa, nan limenm, sa...Genyen...Anyen ki ka pi gran ke Bondye. E ou pa ka rann anyen osi senp ke jan Li fè Limenm. Ou wè, se sa ki fè Li gran. Ou wè?

54 Bon, yon gran òm, li ka jis vin yon ti kras pi gran, oswa petèt li ka bese epi di w: “Kouman w ye?” Ou wè, oswa yon bagay konsa. Men li pa ka fè tèt li piti. Gen jis yon bagay konsènan limenm. Li se yon imen. Li jis pa ka fè tèt li piti. Paske, lè l konmanse fè tèt li two piti, alò, premye bagay ou konnen, li dwe refere l a sa yon lòt moun te fè, epi konsa. Epi li konmanse remonte tèt li ankò, ou wè.

Men, nan Bondye, pou w al anwo fò w desann. Wi.

55 Save nan mond lan ap eseye, nan sajès yo, pou yo jwenn Li. Yo jis ap elwaye de Li, antan y ap fè sa. Ou wè, save nan mond lan, si w ap eseye eksplike yon bagay ak kèk matematik oswa yon bagay. Sonje, Li menm mete sa...Nan Bib la, nan Apoka-...Non, ekskize m.

56 Ezayi 35, mwen kwè se sa, ke menm sa si--sa si tèlman senp ke menm yon--yon--yon delenkan ta ka konprann Li. Ou wè? O, “Menm yon moun fou p ap egare ladann.”

57 Save yo rate l byen lwen, avèk sajès yo, yo elwaye yo pi plis de Li, poutèt y ap eseye jwenn Li ak sajès. Bon, pa bliye sa. Sa ap anrejistre, ou wè. Save yo, nan sajès yo, al sitèlman lwen pou eseye jwenn Li ak sajès yo, yo rate L, ou wè. Si yo te ka gran ase pou yo vin senp ase, yo ta kapab jwenn Li. Si ou senp ase pou w ka vin senp ase! Ou wè sa? E, ou konnen, sa--sa se reyèlman Laverite.

58 M te al kot kèk moun, nan biwo yo, elatriye, ki te reyèlman de vrè zòm, dè gran, dè wa, ou wè, potanta, monak, epi anjeneral se de gran zòm. Answit, mwen te al kote yon nonm ki te gen rad de rechanj, petèt kèk minis ki te vle diskite avè m yon ti moman, epi kew-ou ta ka panse ke mond lan pa t kab tounen san li, wè. Epi sa -se jis ap gonfle tèt yo, ou wè. Men, yon-yon gran tòm, yon grantòm chita epi eseye fè w panse ke se wou ki grantòm lan. Ou wè? Ou wè, li ka imilye tèt li.

59 Epi, ou wè, Bondye si tèlman gran jiskaske l ka imilye tèt li, nan yon nivo, ke yon moun pa ka desann pi ba ke sa, ou wè. Se tou. E nan ...

60 Epi y ap eseye jwenn li. Koulye a, gade. Yo ap eseye jwenn li nan voye moun lekòl, pou gen yon diplòm bakaloreya an atistik. Epi — epi y ap eseye jwenn li pa yon tèminoloji teyolojik

— Bib la. Epi y ap eseye jwenn li ak pwogram edikasyon, epi pwogram òganizasyonèl, e nan anbeli bagay yo, e ap pede eseye jwenn. Li pa la a, ditou. Ou jis ap batay ak van an, se tou. W ap-w ap elwaye w de Li.

61 Yo te kab ase gran pou yo — pou ke yo te ase senp, yo te kab jwenn li nan direksyon sa, an etan senp. Men, osi lontan ke w prale nan direksyon sajès, w ap elwaye w de li.

62 Koulye a kite m byen repon n li konsa w pap manke l. Osi lontan ke w ap eseye jwenn Bondye pa sajès, menm jan nan jaden Dedenn nan, tankou l te ye nan jou

Moyiz yo, tankou li te ye nan jou – Noe yo, tankou l te ye nan jou Kris la, nan epòk Jan an, nan epòk apot yo, e jouk jòdi a! Lè w eseye konprann li, epi eseye jwenn Bondye pa sajès, w ap elwaye w pi lwen l tout tan tout tan. W ap eseye konprann li. Pa gen okenn fason pou fè sa. Jis aksepte l. Ou wè? Jis kwè l. Pa eseye konprann li.

63 Mwen pa ka konprann poukisa, sa a, ebyen, anpil nan bagay sa yo. Gen anpil bagay m konprann oswa m pa ka konprann. Mwen pa ka konprann ki jan jèn zanmi sa a ki chita isit la manje menm manje avèm, epi — epi, men l la a, ak tèt li chaje cheve, e m pa gen anyen. M pa konprann sa. Yo di m se kalsyòm ki bay li; epi m pa ka rive kenbe zong mwen kout ase, e m pa gen cheve ditou pou koupe. M-m pa konprann sa. Kòm vye pwovèb la di, mwen ...

64 Se pa jis yon jan de chanjman pozisyon an, gravite a; men, se grav, men m poko rive sou So a ankò.

65 Ki jan yon bèf nwa ka manje zèb vèt, epi bay lèt blan, ki bay bè jòn! M-m si ke m pa t kab eksplike sa a, ou wè. Paske, ou wè, chak nan yo se pwodwi lòt la. Epi ki jan l fè sa, m pa ka eksplike l.

66 Pa ka eksplike kijan de flè lis kanpe la a, oswa de flè, nan menm ras la, epi youn wouj, lòt la jòn, youn mawon, epi youn ble. M pa konprann sa. Yo anba menm solèy la. Ki kote koulè a soti? Ou wè? M-m pa ka eksplike l, men kanmenm ou dwe aksepte l.

67 M jis swete ke kèk gwo teyolojyen ta eksplike m 'ki jan mond sa a kanpe sou òbit li. M swete ke w te kab syantifikman lanse m 'yon boul an lè a, pou fè l vire, epi pou l fè dezyèm revolisyon an, nan menm plas la. Ou pa tap ka fè l. Men kanmenm sa tèlman pafètman kwonometre jouk yo ka anonse yon eklips solèy la a la minit prè, ven lane soti kounye a. Yo pa gen yon mont oswa yon revèy, oswa nenpòt ki piès mekanik, se sa k pafè. Men l kanmenm kanpe la a. Epi, answit, panche pa dèyè. E si l drese yon ti kras? wi. Ou jis rann tèt ou idyo, pou eseye, ou wè.

68 Konsa, ou wè, pa eseye itilize sajès, pou konprann. Jis kwè sa I di. Epi pi plis ou senp, alòs se la a, ou pral jwenn li. Koulye a, m tèlman rekonesan pou sa, rekonesan ke L, te rann tèt li senp. Koulye a, nou jwenn, chapit 6 la ak 9yèm vèsè a. Kite m kòmanse kounye a. Epi lè I te louvri senkyèm So a, M te wè anba lotèl la nanm moun ki te mouri pou pawòl Bondye a, epi pou temwayaj ... yo te kenbe:

69 Remake, pa gen okenn endikasyon sou yon lòt bèt, oswa yon kreyati vivan-, pou anons sa a nan senkyèm so a. Koulye a, sonje, te genyen, sou katriyèm so a. Te genyen, sou Premye So, Dezyèm nan, Twazyèm nan, ak Katriyèm nan, men pa gen pyès isit la. Ou wè?

70 Koulye a, si w remake, ann li ankò, youn nan So yo. Ann tounen nan katriyèm so a, ou wè. Epi se 7yèm vèsè a. E lè I louvri katriyèm So a, m tandè vwa katriyèm bèt la ki di: Vini ... gade. ... lè I ... louvri twazyèm So a, m tandè vwa a — twazyèm bèt la ki di, Vini gade. ... dezyèm bèt la ... Vini ... gade. ... epi premye bèt la di, Vini epi gade.

71 Men apre lè n rive nan senkyèm So a, pa gen okenn bèt. Koulye a jis remake. Epi lè I te louvri senkyèm So a, m te wè anba lotèl la ...

72 Prese prese! Ou wè, pa gen okenn - pa gen okenn bèt la a. Epi yon bèt reprezante pouvwa. Nou konnen sa, Ou wè. Pa gen okenn bèt vivan.

73 Kounye a, youn nan kreyati sa yo, nou jwenn, lè n ap etidye— revelasyon an nan legliz yo, ke youn nan yo te gen ... se te yon lyon; e lòt la - lòt la te yon bèf; epi lòt la te yon nonm; e lòt la te yon Èg. Nou jwenn, nan epòk legliz la, ke kat bèt sa yo, ki vle di kat pouvwa, te rasanble toutotou Akt Apot yo, menm jan ak tabènak la nan dezè a. Epi ou konprann li, paske m p'ap pran tan pou m antre ladann. Ki jan nou te desine I isit la, epi te montre I jis egzakteman! Yo t ap veye sou Ayo a ak Pawòl la, pou yo akonpli Pawòl la menm jan yo te fè pou lach alyans lan nan lye sen nan dezè a, elatriye.

74 Kounye a, nou menm montre pozisyonman an, pa koulè tribi pèp Izrayèl la, epi pa ... Konbyen ki te tandè sèt-sèt aj legliz yo? M devine pi fò, mwatye, de tyè nan nou. Remake, ke menm nati bèt la te egzakteman yon anblèm tribi a, ki fason kat la ... douz tribi yo dispoze, kat nan chak bò, oswa-oswa twa tribi nan chak kote. Epi Kat bèt yo chita ap siveye, tribi sa yo, soti nan kat direksyon sa yo.

75 Epi, lè, nou te al chache Levanjil yo, pou answit montre egzakteman. Lè w antre nan lach la, yo te yon gadyen lach la, alyans la. Alòs nou jwenn ke Alyans nouvo legliz la, reprezantasyon I sou tè a, te Sentespri a. San an te tounen vin jwenn nou, Sentespri a. Epi kat Èt vivan yo te reprezante, e kòm douz — tribi pèp Izrayèl la, jan yo te siveye I. Epi jwenn nati yo, e pran menm nati sa a pou pote I bay chak nan kat Levanjil sa yo, egzakteman, se te

egzakteman menm bagay la. Youn pale ak lyon an, lòt la ak bèf la, epi lòt la ... Kat evangelis yo! Men li. Kat Evanjelis yo se pwoteksyon Sentespri a. Amèn.

76 M jis toujou mande m ... Li rete avè m '. Koulye a, sa fè anviron sis lane, m kwè, depi m te tande yon grantòm di ke se te ... "Akt Apot yo te jis estrikti a." M te tande li di l anpil fwa. Men pou tande yon nonm ki gen pozisyon, kòm yon predikatè epi kòm yon pwofesè, ki te ekri kèk nan liv ki pi popilè ke moun li toupatou, pou di ke Akt Apot yo pa t anreyalite apwopriye pou ansèyman nan Legliz la.

77 Alòs ke, Akt Apot yo se fondasyon an menm; pa estrikti a. Fondasyon an! paske, Bib la di ke fondasyon Bondye a t te "bati sou Doktrin apòt yo,"dakò, "Kris, tèt la, pyè angilè a."

78 Epi lè tip sa a te kanpe la e l te fè remak sa a, mwen — m — m — m jis ... Kè m jis te rete. Epi m te panse, "Se pa etonan." Ebyen, m wè kounye a, nan So yo. Li jis pa t revele. Se tou. Ou wè?

79 Kidonk, men yo, te kanpe la a, men te gon bagay ki t'ap jis di sa. Koulye a, remake, yap veye.

80 Koulye a, lè n te pran Matye 28:19, epi n fè bagay sa a pase atravè Matye, ki reprezante lyon an. Epi lè n rive, la a, nou jwenn egzakteman poukisa yo batize nan non Jezikri. E l te la a, kanpe avèk Ekriti sa yo, pou veye konfyans sakre batèm nan, nan non Jezikri a. Se byen. Bon, m ap kite laj legliz yo kounye a.

81 remake. Men, isit la, lè n rive sou senkyèm so sa a kounye a, pa gen – pa gen - pa gen okenn kavalye ki soti, e pa gen okenn Èt vivan pou anonse l. Jan jis ... Ayo a louvri l, Jan te wè l. Pa t gen pèsoun ki pou di, "Koulye a, vin, gade. Vin wè. " Remake, okenn pouvwa Èt vivan an. Oswa gen ...

82 Epi sou sizyèm so a, pa gen Èt vivan pou anonse l. E sou Setyèm So a, pa gen okenn Èt vivan pou anonse l. Pa gen pouvwa pou anonse l. Ou wè, pèsoun pa fè l. Sou ... gade. Sou ... Apre katriyèm so a, pa gen okenn anons ki fèt pa okenn pouvwa Èt vivan, soti nan senkyèm, sizyèm, oswa setyèm So a, pa ditou.

83 Koulye a, remake. M renmen sa. Tankou nan tan kavalye kat chwal yo, kavalye (sengilye) kat diferan chwal yo, te gen yon Èt vivan ki te anonse pouvwa a. Chak fwa ke kavalye a sele yon lòt chwal epi soti pou galope, yon lòt kalite Èt vivan soti pou anonse l, "Sa se yon gwo mistè." Ou wè? "Sa se mistè a." Poukisa? pou anonse mistè a.

84 Poukisa pa gen youn isit la nan senkyèm So a, pou anonse l? Men li, dapre revelasyon ke Senyè Jezi a te ban m jodi a, ou wè, oswa maten an, bonè. Sa vle di, ke mistè laj legliz yo

deja fini, nan moman sa a. Mistè antikris la revele, nan moman sa a. Antikris la te fè dènyè ron li, epi nou te jwenn li sou chwal pal sa a, melanje ak pakèt koulè l yo, epi l kontinye fè chemen jouk nan pèdisyon.

85 Nou jwenn li nan twonpèt yo, elatriye, lè n anseye sa. M ta rantre ladann l kounye a, men nou elwaye nou sou sijè a ankò. Epi nou-nou al ... li monte ...

86 Se rezon sa a ki fè pa gen pèsòn la a. Koulye a, nou pa gen okenn kòz ekri, kèk rezon pou yon bagay. Koulye a, ou sonje, depi anvan, nan kòmansman an, m te di ke pa ka gen anyen san yon rezon. Sonje ti gout lank lan? Ou wè? Koulye a nou fèt pou jwenn rezon an. Ebyen, te gen kèk rezon ki fè yo pa t gen yon Èt vivan, oswa yon pouvwa, pou anonse So ki brize a. Epi se sèlman Bondye ki ka revele rezon an, se tout, paske Li se tout - tout bagay repoze sou li.

87 Men rezon ki fè l revele l, jan m konprann li an, se paske mistè Liv Redanmsyon an, an otan ke antikris la te revele; e an menm tan, Legliz la te ale, e bagay sa yo pa menm rive nan laj legliz la, ditou. Se vre. Yo -yo lwen laj legliz la. Legliz la reyèlman anlve, nan moman sa a. Legliz la monte, nan 4yèm chapit Apokalips la, epi li pa retounen jiskask Li tounen ak wa li, nan 19yèm chapit la. Men So sa yo isit la yo revele sa ki te, ki ye, ak sa ki pral rive. Ou wè? Epi, koulye a, sa k te dwe pou laj legliz la, te revele pa So sa yo. Epi, koulye a gade sa k pran l.

88 Kat— etap kavalye l a te revele. Kat etap antikris la, kap galope, te revele nan moman sa a, Se poutèt sa yo pa gen pou gen anyen ankò.

89 Epi te gen kat kreyati vivan Bondye a, pou anonse kavalye a nan kous li. Kat Èt vivan yo se kat pouvwa. Koulye a, nou konnen ke bèt, pa entèpretasyon nan tèm senbòl Bib la, vle di "pouvwa." Koulye a, ann sezi sa a byen. Kat Èt vivan yo se bèt, nan Bib la, yo reprezante yon pouvwa nan mitan pèp la.

90 Koulye a, si nou jwenn, tankou nan Danyèl, lè li te wè yon sèten nasyon leve, li ta petèt yon lous ki kenbe yon zo kòt bò kote l, nan senbòl. Apre sa li wè yon lòt pouvwa leve, yon bouk kabrit. Li reprezante yon bagay. Answit li te wè yon lòt pouvwa monte, epi-epi li t yon leyopa ak plizyè tèt. Li reprezante yon sèten wayòm. Epi li wè yon lòt leve, yon gwo lyon ki gen dan, epi li pilonnen rès la. Sa reprezante yon pouvwa diferan, tout ansanm. Youn te yon — yon wayòm Nèbikadneza; ak yon lòt, tip-de rèv. Danyèl te wè yon vizyon; Nebikadneza te fè yon rèv. Men Danyèl te entèprete rèv li a, e l te an pafèt akò ak vizyon an.

91 Amèn! Fiou! Oh! [Frè Branham bat men l yon fwa - Ed.] Si w jis konnen sa k te pase! Kisa k te pase anvan n te kite isit la? Ou konprann? Se kisa, sis rèv youn apre lòt vini egzakteman

ak vizyon an. Amèn. Ou wè? Yon rèv, ki entèprete, se yon vizyon. Paske yon moun petèt pat fèt ak yon sibkonsyans pou rete, rete reveye lè li wè l, Lè sa a, Bondye antre nan sibkonsyans sa a epi pale ak li. Sèke, Li te pwomèt ke, atravè rèv, nan dènye jou yo, Li ta vizite moun, epi tou nan vizyon. Ou wè?

92 Kounye a, yon vizyon se lè w byen reveye, ou kanpe dwat konsa, epi kèk bagay te parèt. Epi kanpe la a, pou di yo sa l ye egzakteman; ou wè sa k te pase, ak sa ki pral pase, elatriye.

93 Men, kounye a, yon rèv se lè w ap dòmi, e senk sans ou yo inaktif, epi ou-ou nan enkonsyans ou. Ou yon kote, paske, lè w tounen, ou sonje ki kote w te ye, ou raple w li tout vi w. Ou wè? konsa, li nan enkonsyans ou. Answit pou l ka, ou wè ...

94 Tankou Depite Upshaw te konn di, "Ou pa ka yon bagay ke w pa ye ." Epi se jis apeprè sa, ou wè.

95 Epi, se konsa, si w se yon vwayan de nesans. Koulye a, ou wè, pou fè sa, de konsyans sa yo dwe ale ansanm; se pa youn isit la ak senk sans li, aktif, epi you lòt la ba a lè l ap dòmi epi senk sans yo pa aktif. Men, ou wè, lè tou lède, ou fèt, yo ale ansanm, ou pap landòmi. Ou jis pase de youn a lòt tankou—tankou sa. Ou pa al domi. Pa gen ase plas pou w al domi. Epi w pa ka fè tèt ou fason sa a.

96 Kidonk "Don yo ak apèl yo yo predestine pa Bondye." Yo se-yo se don ak apèl Bondye a, menm "san repantans," Bib la di. Ou wè? Yo te òdone anvan fondasyon mond lan. Ou wè?

97 Bon, koulye a, nou jwenn ke ... Yon bèt, nan Danyèl, sa vle di ke l te yon pouvwa kap monte nan mitan pèp la. Se sa. Epi-epi vizyon Jan isit la, tou, te montre ke li te pouvwa, nasyon kap leve. Tankou, Etazini parèt nan Apokalips 13, tankou yon Ayo. E apre si w vle konnen, diferan ... Ou di, "Bon, sa, sa a se pale osijè de pouvwa nasyonal la."

98 Li reprezante pouvwa sen an tou, yon bèt, tou. Èske w te konnen sa?

99 Remake Rebeka; lè-lè sèvitè Abraram lan, Elyezè ... Lè li vin chache Rebeka, li ... Li fè l monte sou yon chamo, chamo menm li te bay bwè dlo. Epi li te monte chamo sa a, al rankontre epou invizibl li a. Bagay menm li te bay bwè dlo a, menm limenm nan te mennen l kote ki pral kay li e epou li.

100 Epi se menm bagay la jodi a, ou wè. Bagay menm ke Legliz la ap awoze a, ki se semans la, Semans Pawòl la. Se menm Pawòl la ki vin vivan epi mennen kot Epou invizib nou an. Ou wè? Ou wè?

101 Epi gad ki jan sa perfe. Izarak te kite kay la, li te soti al nan chan an, byen lwen lakay li, lè Rebeka te wè l.

102 Epi Legliz la rankontre Kris dan lè zè , epi apres a li mennen l nan kay la, Lakay Papa a, kote domèn yo te prepare. Izarak te pran Rebeka menm jan an tou.

103 Epi, remake, se te lanmou depi nan premye rega. Oh, lala! Li jis kouri al kontre l.

104 Epi se fason sa a ke Legliz pral rankontre Kris, dan lè zè, epi pou tout tan avèk li.

105 Koulye a, mo nan Bib la, bèt sa yo se pouvwa yo. remake. M vle, kounye a, m vle w remake.

106 Dyab la te gen kat bèt li yo, kap chanje, ki kolore pou l, avanse. Li te gen kat bèt li yo. Se te tout lè twa, ki te pran koulè youn, epi ki te fè l vin youn chwa pal; yon chwal blan, yon chwal wouj, yon chwal nwa. Epi nou te wè, chak nan yo se te yon etap nan ministè l, yon etap premye legliz la ki te fòme yon denominasyon, nan Nise. Legliz pentkotist orijinal la, ke Sentespri a te devèse sou li a, te desann, pran yon lespri antikris, li te fòme yon òganizasyon, li te fèt kèk pitit fi òganizasyon an. Li chanje pouvwa l, twa fwa, li rasanble nan yon sèl la, pou fè yon chwal pal. Apre sa yo ba l yon non ki rele lanmò, epi yo monte l jouk nan letènite. Osi klè ke l te kapab! Bon, kounye a remake, yo te ba l chwal— sa a, epi l te monte l.

Bondye, Bondye Limenm tou genyen, tankou chak fwa ...

107 Koulye a, gade. Lè antikris lan te parèt, premyèman, sou kisa li te parèt? Chwal blan. Ou wè, poukisa, inosan jan li te kapab, jis yon doktrin nan legliz la. Yo te vle kominye. Kominyon w se avèk Kris la. Men, yo te vle yon konminyon. Yo jis pa t ka sipòt l, yo te vle gen ...

108 Bon, ou konnen, tankou ti klik ki pral monte nan legliz la. Ou menm, ou konnen l, nou menm pastè yo. Ou wè? Yo, tankou yo di, "Zwazo menm plimaj." Men, si nou ne de nouvo, frè m yo, se pa atitid pou nou pran, ou wè. Non. Koulye a, nou-nou-nou ...

109 Si nou wè yon bagay ki mal nan frè nou yo, se pou nou jis priye epi kenbe l devan Bondye, epi renmen nonm sa a jiskaske nou mennen l dwat nan prezans Bondye. Ou wè? Sa a se fason an, vrè fason pou fè l.

110 Ou konnen, Jezi te di: Ou konnen. "Pral gen move zèb la," paske Jezi te di pral genyen, "men pa rache yo; Ou pral pran ble a avèk li. " Ou wè, "Jis kite l trankil." Li pral fè ... Kite l fè separasyon an lè l a rive. Ou wè? Kite yo tout grandi ansanm.

111 Remake, alòs ke bèt la soti, antikris la soti sou yon bèt, pwisans li.

112 Oh, m renmen sa! M jis kòmanse santi m relijye kounye a, ou wè, petèt estimilasyon an. Remake, lè antikris la ... Oh, yo-yo revelasyon sa yo, nan Prezans boul dife sa a ki sispann la a nan yon chanm! Jiska ... O, frè! Malgre ke mwen te wè li, depi m te timoun, chak fwa l vin tou pre m, Li alame m. Li prèske mete m nan yon kondisyon san konesans. Ou pa janm abitye ak Li; ou pa kapab. Li twò sakre.

113 Remake, pandan ke antikris la te soti (kat) sou bèt ministè li yo, la a, Bondye te voye yon Bèt pou konbat li. Ou wè? Koulye a, gade. Depi lè sa a, chak fwa (bèt la te monte) sou chwal li, antikris la te monte sou chwal li, sou bèt li, pou anonse ministè l; Bondye te voye Bèt li a tou, epi li te monte Sa, pou anonse konba L kont li.

114 Koulye a, ekriti a di, "Lè lènmi an vini tankou yon inondasyon, Lespri Bondye a leve yon estanda kont li."

115 E konsa, lè lènmi an soti tankou antikris; Bondye voye yon sèten kalite pwisans soti al kontre l. E apre lè yo ...

116 Li soti ankò, kòm yon kavalye chwal-wouj, yon lòt koulè, yon lòt pwisans, yon lòt ministè; Bondye voye yon lòt apre l, pou konbat li, pou soutni Legliz li a.

117 Li voye twazyèm lan; ankò, Bondye te voye, twazyèm kreyati vivan l la pou anonse l.

118 Li voye katriyèm lan. Bondye voye katriyèm li an. Epi se te lafen antikris la, e laj legliz yo te fini, tou, nan tan sa a. Atansyon.Ou wè. Koulye a, oh, sa a reyèlman bon!

119 Kounye a, nou wè ke dyab la ap chanje, kat — kat bèt, ki vle di ki pwisans yo te revele nan ... oswa ki pwisans li te revele nan mond lan, epi ki jan yo te abouti ak chwal pal, "lanmò" sa a.

120 Koulye a, ann gade pwisans Bondye a, ak kreyati vivan sa yo, pou konbat yo.

121 Premye Èt vivan Bondye a, ki te soti al kontre antikris la ak, Lespri antikris la kan se te jis ansèyman l lan. Koulye a, sonje, lè antikristyanis la tap galope premye fwa a, li te nan yon ministè ansèyman. Antikristyanis la te soti, an premye, nan yon ministè ansèyman. Koulye a, gade sila ki te al kontre l ': Lyon an, Lyon nan tribi Jida a, ki se Pawòl la. Lè fo ansèyman l lan te soti, vrè Pawòl la te al rankontre l.

122 Se rezon sa a ki fè nou te gen yon Irene, ak yon Polycarp, ak — ak — ak — ak moun sa yo, yon Saint Martin.

123 Lè antikris sa a t ap galope ak fo ansèyman I lan; Bondye te voye ansèyman I lan, Pawòl la, lyon tribi Jida a, ki se Pawòl ki te manifeste nan Sentespri a. Epi Sentespri a, la a, pou manifeste tèt li, ki se Pawòl la!

124 Se rezon ki fè ke premye Legliz la te gen gerizon, ak mirak, ak vizyon, ak pwisans, paske se Pawòl vivan an, sou fòm lyon tribi Jida a, ki te soti pou konbat sa. Amèn! Koulye a, ou konprann li? Li voye pwisans li, antikris; Bondye voye Pawòl li. Antikris, fo ansèyman; vrè Ansèyman an te ale avè l, pou konbat li! Koulye a, se te premye an. Kounye a, se te premye Legliz, apostolik ki te al rankontre l la.

125 Kounye a, dezyèm bèt ke antikris la te voye a, te yon bèt wouj, ki te pou ... ke l te monte a, se pou te retire lapè (ak) sou tè a, epi—epi lagè.

126 Koulye a, dezyèm lan ki te al konbat avè l, se te yon bèf. Bèf la vle di travay, yon bèt pou fado.

127 Epi koulye a si nou te kab jis sispann yon minit. Kite m, wi, kite m', jis fè l konsa w va sèten ke w wè l kounye a. Koulye a, sa a se yon sòt ki ta ka yon ti kras mysterye pou ou. Men ann met Tiyati bò isit la. Ann gade poun wè si se pa yon — yon — yon Legliz travayè, ou wè. Ekri a lanj legliz Tiyati a. Bagay sa yo, Pitit Bondye a di, moun ke je l 'yo tankou flanm dife yo, e pye l 'yo tankou kwiv bon kalite; M konn travay ou, ...

128 Eske w wè, sa vinn yon afè de travay kounye a, ou wè, paske se sila ki tap galope avè l. ... epi charite w, ak sèvis, (gade, tout sa jis ...) epi lafwa, ak ... pasyans, e zèv ou (ankò, de fwa, "zèv ou yo"), epi dènye a yo dwe plis pase premye a.

129 Ou wè, sa montre ke, Laj Tiyati, apre ke antikris la te vin etabli l epi te antre nan Laj Tiyati, ti Legliz la pa t 'kab fè anyen lòt ke travay.

130 Epi yon lòt bagay, bèf la se, yon bèt pou sakrifis tou. Ou wè? Yo bay vi yo osi libreman yo te kab bay li, nan laj tenèb la, pandan mil ane ke Katolik sa a ap kontwole mond lan. Epi yo jis antre tou dwat ladann, wi ou non. Yo pa t gen pwoblèm pou mouri. Si se te pou mouri, se kòrèk. Yo te al mouri, nenpòt jan l ye a. Poukisa? Lespri laj la menm!

131 Se rezon sa a yomenm, se rezon sa a Ireney, se rezon sa a Polikarp, Jan, Pòl, gran e pwisan nonm sa yo la ba a, tap konbat bagay sa a!

132 Pòl te wè l. Li te di, "M konnen, apre mwen fin ale, ke gen lou ki pral antre nan mitan nou, frè m 'yo, ki pral anseye bagay pèvèti sa yo, epi ki pral fèn soti." Gade vyek ti apot ki gen gason sou li sa a, te kanpe la, do l 'bat plen ak mak kout frèt, je l yo ki plen dlo. Men, li te kab wè pi lwen pase ... teleskòp sa a kap montre l anwo a, ke yo ka wè san ven milyon ane limyè

espas limyè. Li te kab wè letènite a daplon. Se la l te ye. Epi li te predi l e l te di ke sa ta pral rive. Li te di, tou, ke l desann nan lòt laj kap vini an. Koulye a, remake, li te al la a.

133 Anmenm tan, apre li, Sen Jan te viv pi lontan an. Epi lè Sen Jan t ap eseye pran tout Epit sakre yo, Ke Sentespri a te wenn, epi mete yo ansanm pou fè Bib la, anpi Women an te kenbe l epi mete l sou zile Patmos. Li te la a sou Zile Patmos la pou Pawòl Bondye a. Polikarp te ede l tradwi l.

134 Mwen te li, lòt jou, lèt ke Mari li menm te ekri Polycarp. Ak reprimande ... pa reprimande l '. Men ap felisite l 'paske li te yon nonm konsekan ki ka anseye e aksepte ansèyman Jezi Kris la, ki se Sila ke L te bay nesans la, soti nan Bondye. Pwòp lèt Mari ke l te ekri Polykap.

135 Yo te fè Lyon manje Polikap, ou konnen. Non, yo te boule l. Li-li te twò ta pou yo te ka lage yon lyon nan estad la, e konsa yo te kraze yon twalèt, yon ansyen twalèt ki te la a, yo mete l 'nan-nan-nan estad la epi-yo te boule l'.

136 Sou wout li, li tap desann, li t'ap mache ak tèt li bese. Kaptenn women an te di, "Ou se yon nonm aje, e yo respekte w anpil. Poukisa w pa denonse bagay sa a? "

137 Li jis kontinye ap gade nan direksyon syèl la. Epi yon vwa te pale ki te sot yon kote. Yo pa t kab konprann de ki kote. Li te di, "Polycarp, ou pa bezwen pè. M ave'w." Uh-huh. Poukisa? Li te kanpe ak Pawòl sa a.

138 Epi lè yo te kòmanse anpile planch yo sou li, pou boule l, te gen yon mizik soti nan syèl la ki te desann. Epi-epi im yo ki sot kote anj rete tap chante chan an. Li pa janm menm yon sèl fwa vire gade mokè yo

139 Sa se yon nonm konsekan. Sa a se yon nonm ki ka kanpe. Mati yo atravè laj yo, la a, yo te soufri fò anpil. Men kisa yo te ye? Yo te sou enspirasyon, Lespri Bondye a, pwisans la. Mwen ...

140 Pa bliye sa, legliz. Epi frè m yo, kap tande bann nan, m vle nou egzamine sa a. Ki jan lèzòm ta ka fè tout lòt bagay apa de pwisans ke Bondye ki te revele a yomenm ? M pral mete bwat sa a isit la, pou reprezante sa. Si Bondye voye yon Lespri kèlkonk nan mitan yo, se ak sèl bagay ke yo ka travay, se Lespri Bondye a kap travay nan mitan yo. Koulye a, nou pral pwouve w, pa istwa Legliz la, e pa ouvèti So yo, epi pouvwa ki te libere yo; epi gade, egzakteman, Legliz la te reponn a onksyon an, epi yo pa t kapab fè okenn lòt bagay.

141 Kounye a, premye a se te Lyon sa a ki te gwonde, Pawòl ki pi, ki pa melanje.

142 Dezyèm lan, nan Tiyati, se te bèf la. Epi Se te yon-yon fado ... yon bèt pou pote fado. Padone m. Epi Li te tou yon bèt pou sakrifis. Epi eske se pa t egzakteman ti pòv, Legliz sa a? Wòm te etabli la a, pou mil ane laj tenèb, epi nenpòt bagay la ki pa t 'deklare ke l te nan legliz Women an te kondane l pou l mouri imedyatman. Epi yo te oblije travay, ale de yon plas a yon lòt.

143 Noumenm mason lòj yo, m pral atire atansyon nou. Nou sonje siy lakwa a? Koulye a, nou-nou konnen de kisa m ap pale a.

144 Koulye a remake. Koulye a, si w - si w remake, sa te vlope e prezève Bib sa a. Ou wè? Epi yo te oblije travay youn ak lòt. Men l la a, bèf la. Men, lè l vini tan ... Nou li l yè swa. Gade, lè bagay la soti, epi sakrifis la vini, ebyen yo te oblije ale. Li te di, " Pa fè mal a diven an ak lwil la."

145 Kisa yo te fè? Yo te pot tèt yo ale pou yo te mouri. Yo pat gen okenn pwoblèm, paske Lespri Legliz la nan jou sa a te sakrifis, travay. Epi yo te mache osi lib ke yo te kapab, yo te wen ak vrè Lespri Bondye a nan epòk sa a, epi yo te mouri tankou ewo, yon sakrifis; dè milye fwa dè milye, swasant-uit milyon nan yo nan achiv la.

146 Bèf, sakrifis! Oh, lala! Èske ou konprann li? [Kongregasyon an di: "Amèn" —Ed.] Dakò. Se byen. Koulye a, sakrifis, sa te pran travay sèlman nan epòk sa a, pou konbat gwo opozisyon an pou mil lane sa yo.

147 Kounye a, twazyèm bèt ki te vin de dyab la, se te chwal nwa sa a. Ou wè?

148 Kounye a, twazyèm bèt ki te soti a, yon pwisans ki vin de Bondye, pou konbat li, pou konbat pwisans chwal nwa a; se te yon nonm, sounwa, entelijan, ak sajès Bondye a. Ou konnen, yon nonm li pi entelijan, pase nenpòt nan bèt yo. Ou wè? Li pi entelijan, paske li ka dejwe l, pi souvan. Li sounwa, malen. Ou wè? Epi li ...

149 Laj—, soti nan laj tenèb, laj la, kounye a ap soti nan laj tenèb la; kounye a, lòt kote sa a, lè chwal nwa sa a tap galope, lè yo te fè peye pou sakrifis yo ak tout sa yo te fè. Epi lajan te jis ... Oh, ou konnen ki jan l te ye.

150 Kounye a, pwochen bagay ki te vin, pou konbat sa, se te Et vivan an avèk figi yon nonm; entelijan, edike, malen, janti, li te wen ak Lespri sa a nan jou sa a. Ou remake sa? Koulye a, li te ale pou konbat li, ak astis sajès Bondye a avè l'. Se te laj refòmasyon an, Martin Luther, John Wesley, elatriye. Ou wè, se te refòmasyon an. Zwingli, ak, oh, kilès ankò, Knox, Calvin, ak ki moun ankò, ou wè, ki te soti. Se te yon astis. Epi koulye a, oumenm gade, egzakteman soti nan laj tenèb la, depi lè refòmasyon an, yon manyè kèlkonk, ou wè, se te abilte yon nonm.

151 Si w ta bese fenèt ou a jis yon ti kras! M kwè ke moun yo kòmanse yon ti jan cho, wi, petèt, anndan la a. Si w ta jis rale fenèt yo desann jis yon ti kras! paske, m konnen, si m kanpe isit la ap preche, map vin cho, m konnen ke w ta asireman, deyò a la a.

152 Bon, remake, se te abilte nan nonm nan. Koulye a, ou konprann?

153 Twazyèm bèt sa a Satan te voye a, li vin koken tou. Ou wè, "Yon mezi ble pou yon santim. Twa mezi lòj pou yon santim. " Ou wè? Oh, lala! Ou wè? Plan pou fè lajan, astis, pou ka gen lò mond lan, ak richès la, te rantre ladann. Sa a akonpli egzakteman. Se sa k fè yo kòmanse ap fè peye pou lapriyè. Epi pou ... Fè yon kote ki rele pigatwa, epi lapriyè zansèt yo . Epi, oh, ou te dwe fè testaman pou zak ou yo ak tout bagay, byen w yo. Legliz la, epi leta, te menm bagay la tou, epi legliz la te met men sou pwopriyete w yo.

154 Epi ou pa wè, kèk nan evanjelis sa yo, jodi a, toujou gen menm onksyon an sou yo? Yo fè moun aje yo abandone pansyon yo, epi bay kay yo kòm don a yon bagay kèlkonk. Poukisa, frè, m-m pa vle al sou sa, ou wè. Men koulye a, m pral rete jis ak sa a; M gade dèyè poum wè ki kote m prale. Koulye a remake, mesye sa yo, se zafè yo. Sa-sa-sa pa gen menm yon bagay pou wè avè m. M jis responsab pou Sa k isit la la a.

155 Bon remake, Èt vivan an--an ki te vini pou konbat li, kounye a, se te yon nonm. E nou tout konnen ke Èt vivan sa, sou aparans on nonm, pouvwa nonm sa, nan fason entèlektyèl li yo, te rekonèt ke pen kachè sa ke Martin Luther te gen nan men l lan, lè li t ap monte mach sa yo...

156 Yo te di, "Se San Jezikri. Sa se kò Jezikri."

157 E Luther te jete l atè, pou di, "Se pen ak diven. Se pa kò Kris; paske, yo te egzalte sa, e sa chita sou bò dwat Bondye, ap fè entèsesyon." Ou wè, sajès; ou wè, lòm.

158 E kan John Wesley te vini, apre Zwingli, ak Calvin.

159 E yo te mennen legliz on kote, en sekirite, jiskaske yo pat vle okenn revèy an plis. "Kèlkeswa sa k pral rive a se sa ki pral rive." Se te tou. E yo te konn viv tout jan de vi. Legliz Literyen si tèlman tòdye, ak legliz Anglikan! O, la la! Tout peyi a vin kòwonpi, jis jan l ye kounye a. Legliz yo te tòdye. Kan Wa Henry Uityèm lan--lan, te vin an Angletè, apre Mari sanginè a, ak tout bagay sa yo ki te rive a. Alò, legliz te si tèlman ranpli ak vyolans e kòripsyon. Anpil te pretann yo se Kreyen, epi ap viv ak kat ou senk madanm, oswa ap fè tout sa yo vle, epi ap trennen, epi salte.

160 John Wesley, pandan l t ap etidye Lèzekriti, pandan l ap obsève L, sa te revele a li ke se San Jezikri ki sanktifye kwayan an. E ou...pata dwe...Aprè kisa l te fè? Li te soti ak yon lòt

refòm. Li te sove mond lan nan tan pa l, menm jan Luther te fè l. Ou wè? Sa sa te ye? Ôm sa, pouvwa Èt vivan an, ki te soti.

161 Li te bay lòm sajès, ak konprann, ke bagay la te fo. “Ke se pat San Jezikri. Ke se pat kò Jezikri a--a. Ke sa reprezante kò a pito.” Ou wè?

162 Sa rete toujou yon gwo deba ant Katolik e Pwotestan jouk kounye a. Se sèl bagay ou paka met ansanm kounye a. Tout lòt bagay, yo ka dakò sou sa, men sa; se bagay sa yo ou jwenn nan konsil yo òganize yo. Bon remake. Men, sa, yo--yo patka rive dakò sou sa. /Frè Branham frape twa fwa sou chè a--Editè a./ Ou wè?

163 Bagay sa, “Se San an, epi,” di, “se San reyèl la; ke prèt la gen pouvwa pou chanje pen sa pou vin kò reyèl Kris la.” Se sa ti tabènak la ye, ke yo genyen anndan legliz la, ou konnen. Se pou rezon sa yo fè siy ak tout jan de bagay payen nan pratik yo, ou konnen, epi bese tèt yo, ak leve chapo yo, elatriye. Se pa pou bilding lan; se pou pen kachè sa ki nan--nan tabènak la. Epitou remake kijan Satan te prezante sa avèk entèlijans!

164 Men, ou wè, nan moman, sou kont èt imen, ou wè, Bondye te mete yon Espri sajès sou lòm, pou konprann ke se fo. Bon, sa se te pou konbat twazyèm bèt la, ki te rann legliz si kòwonpi, pandan li t ap galope, pandan sa te tèrib. Refòmasyon yo, kisa yo te fè lè sa, sila yo ki te nan aj refòmasyon yo? Yo te fè Legliz, retounen al jwenn Bondye ankò, soti kite seremoni idolatri payen li yo. Ou wè? Se ak sa Èt vivan te avanse, entèlijans lòm sa, fas a kavalye a, pou fè sa.

165 Bon, men, li vèsè 3 kounye a e...oswa, Apokalips 3:2, jis on minit. Bon, m te make l la pou yon rezon. Bon, sa se, aj Liteyren ki ap vini kounye a, nan aj refòmasyon yo, nan Apokalips 3:2

166 Sa yo te fè, yo te òganize. Menm kote Luther te demare ak legliz li a, yo te òganize l. Oke, Wesley te fè menm bagay la. Pannkotis yo te fè menm bagay la, òganize l egzakteman. E kisa yo fè? Yo adopte menm sistèm ke yo te soti ladan l lan. Ou wè?

167 Bon siveye sa, Apokalips, ki t ap pale de legliz Sad sa, “Pou anj legliz la,” se premye vèsè a, natirèlman. Ou wè? Dakò.

Ke w sou gad ou, epi fòtifye bagay ki rete yo,

168 Sa vle di, “Pawòl ke yo te anseye w la,” ou wè, “bagay ki rete yo.”

...ki sou pwèn mouri:...

169 Li te deja prepare l lè sa pou rekòmanse nan yon òganizasyon jis tankou legliz Katolik ke l te sot ladan l lan. Ou wè?

...paske Mwen pat jwenn zèw ou yo pafè devan Bondye.

170 Men bagay la. Men...Men li ki te pati, retounen ankò. Èske w paka wè poukisa sistèm òganizasyon pa bon an? Kilès ki te demare l? Èske se te Bondye? Èske se te apot yo? Legliz Katolik Women te fè sa. Bon ke nenpòt istoryen an oze di yon lòt bagay. Sa pa la. Se yo, yo di yo se manman legliz la, e se sa yo ye. Men yo òganize bagay la, e yo te mete on sistèm, avèk lòm alatèt li. E nou pat pran yon nonm, jan yo te fè l la; nou te pran yon pakèt konsil avèk dèzòm, mete yo ansanm, e alò ou te gen on veritab konfizyon. Se vre. De tout fason, kijan yon konsil t ap fè l?

171 Se jis tankou, nou panse ke demokrasi kòrèk. Mwen kwè se sa, tou, men li pap janm mache byen. Li pa kapab. Avèk on bann Riki bò isit la pou opere l, kouman w pral janm reyisi fè l fonksyone byen? Ou pa kapab. Remake, vrè bagay la se te yon wa ki pye.

172 Remake Èt vivan an, twazyèm Èt vivan an, bon, se te entèlijans lòm. E li te reprezante refòmasyon yo ki te soti la.

173 Apati de idolatri, lè yo te pran l, pou di, “Sa a se pen an.” /Frè Branham frape men l ansanm kat fwa--Editè a./ “Sa a se divenn an.” /Frè Branham frape men l ansanm de fwa./ Ou wè, antikris la te gen ankò on bagay ki te reprezante Kreyante sou fòm senbòl. Li te oblije, paske li “kont,” ou wè. E apre sa, si l te oblije kont on bagay...

174 Bon, si l te vini tout tan sa, pou di, “O, m se Boudis.” Ebyen, patap gen anyen la. Yo tout fè sa. Sa se jis payen, pou kòmanse.

175 Men antikris la li gen riz. Li gen tout sòt de bagay ki reprezante Kreyante a la. Sèlman, li soti on lòt kote, yon bagay kont Doktrin orijinal Bagay la. Ou wè, se sa ki rann li antikris. Ou wè?

176 Kifè, refòmasyon yo, se lè Èt vivan an te soti sou fòm yon--yon nonm, pou konbat sa!

177 Bon, pa bliye sa, nou menm klas lekòl la! Pa bliye li! /Frè branham frape kat fwa sou chè a--Editè a./ Ou wè? Sonje Sa, pou tout rès vi w! Ou wè? Èt vivan sa yo kòrèk, Se ENSI DI LE SEYÈ. Ou wè?

Remake, idolatri te mennen...

178 Èt vivan avèk aparans lòm lan te soti avèk pwisans Bondye, pa sajès Bondye te ba li, e li te fè Legliz la soti kite idolatri, pou retounen jwenn Bondye. Men nan...

179 Nou te jwenn, nan menm aj legliz la, kan yo te kòmanse vin denominasyon, pou te fè menm bagay yo te fè okòmansman an, ke Wòm te fè a, kounye a li pral fè pitit fi bay legliz sa. E kisa l di?

180 Lii te di, “Bon ou se...Mwen pat jwenn ou pafè. E ou dwe fòtifye ti fòs sa ki rete pou ou a.” Kounye a tande Li k ap avèti yo, nan Apokalips 3:3, ankò. Annou pran...Ebyen, mwen kwè m genyen l, sa fè jis kèk minit.

Sonje apati de fason w te resevwa ak tande, epi kenbe fèm, epi repanti w.

181 Jis, nan lòt fason, “Sonje ke w te soti nan kòripsyon tankou sa.” Ou wè? Epi gade la.

...Pa konsekan si w pa vijilan, M va vin kote w tankou yon vòlè, (en-en), e ou va konnen...e ou pap konnen kilè M va vini kote w.

182 Pi lwen, Li ta pral retire chandelye a, ou wè. Kifè, se tou. Kisa sa ye? Limyè Legliz la.

183 E li te retounen drèt nan menm sistèm òganizasyon tenèb payen ke l te sot ladann lan, e li te rete la jiska jodi a, avèk moun ki onèt nan kè yo ap panse ke se Laverite, jis menm jan Katolik yo ye a. E Pwotestan ap ri de Katolik; alòske, se sis pou youn, epi yon demi douzèn lòt la, egzakteman, dapre Pawòl la. Sajès lòm!

184 Bon remake. O, ala renmen m renmen Sa a! Tande L kounye a k ap avèti yo. Bon, kounye a nou...Nou an pafèt akò, nou chak? Bon, si w pa dakò, poze m on kesyon. Èt vivan sa yo te idantifye egzakteman nan chak aj, jan Bib la te idantifye yo la. Se egzakteman sa yo te fè la. Istwa montre sa yo te fè. Nou gade drèt la e nou wè sa yo te fè.

185 Epi la, Èt vivan yo, mwen--mwen--mwen pat janm te konn sa anvan. Mwen te jis chita la. M te ka jis wè l ap bouje monte la, jis menm jan w ap gade m la. Ou wè? E sa oblije kòrèk, paske sa jis la an akò avèk Bib la. Kifè kouman w pral fè anyen lòt ke di sa kòrèk? Remake.

186 Kounye a, katryèm Èt vivan an, ke yo te voye pou konbat antikris la, nan dènye Bèt sa. Èske w prè? [Kongregasyon an di, “Amèn.”--Editè a] Dènye Èt vivan ke yo te voye, oswa dènye pwisans pou konbat antikris la ki te kont ansèyman Bondye a, antikris la, se te yon èg. Ou wè? Katryèm Èt vivan an se te yon èg. Bon, nou jis sot etidye aj yo, etidye Lèzekriti. Se èg la! E nan Bib la, dènye aj la se te yon aj èg. E Bondye konpare èg la ak pwofèt Li yo. Ou wè? Sa...Kounye a obsève. Dènye aj la, aj èg la, youn--youn k ap revele vrè Pawòl la. Ou wè?

187 Anvan Bondye mete L an aksyon, jan L te fè l nan tan Noye a, Li te voye yon èg. Kan L te pran Izrayèl, epi ame Farawon an te prè pou l pati, Li te voye yon èg. Chak fwa, Li voye yon èg an dènye, nan fen an.

188 E isit la Li voye yon èg, ankò. Se egzakteman an akò ak Pawòl la. Kifè kouman ou ka rann li yon lòt bagay? Li voye yon èg, (poukisa?) youn k ap revele Verite a ki te tonbe atravè tout aj la.

189 Kifè kouman bèf la--la oswa vizaj dòm lan--lan, oswa kèlkeswa Bèt ki t ap galope a, kouman sa t ap ka janm revele toutotan èg la pat vini? Yo te gen plas yo; yo te pye, Èt vivan ke yo te voye yo, jis menm jan ak nenpòt lòt moun te ye a.

190 Lyon an, ki te orijinal la. Men kote antikris la te monte vin--vin konbat.

191 Apre sa li te vin ak yon lòt pwisans; Limenm Li te voye yon pwisans pou koresponn avè l.

192 Epi li te sisite yon lòt pwisans; Limenm Li te voye yon pwisans pou koresponn avè l.

193 E alò nan dènye pwisans lan, Li te fè èg la desann, "Pou restore timoun yo fè yo tounen nan Fwa orijinal la ankò, Fwa papa yo." Aj èg la! Apre sa, nou remake, pat gen Èt vivan ankò. Se te fini. Se te fen an. Bon, si w ta pran Apokalips 10:1-7 kounye a. Mwen te deja refere a li. Sonje, nan aj dènye mesaje a, ou wè, kisa k te dwe rive? "Tout mistè Bondye yo ta dwe revele." Èg la! Amèn!

194 Kounye a nou wè kat bèt yo ki t ap galope. Sa te pafètman kòrèk. Èske w kwè sa? [Kongregasyon an di, "Amèn."--Editè a.] Epi kounye a men chak aj, ou pito chak pwisans ki ap galope dèyè li. E men Ekriti ki montre sa enmi kavalye a te fè. Sa te revele nan So sa yo. Epitou sa te revele kounye a ke chak Èt vivan, chak pwisans Bondye te voye, pou konbat li, te frape egzakteman bon kote a, ale jiska tan èg la. Bon, si sa a se dènye tan an, yon èg va vini, drèt la, konekte ak sa. Bon, sonje.

195 Bon, nan jou lyon an te vini an, Pawòl orijinal la, se apeprè on santtyèm ladan yo ki te tandè lyon an.

196 Nan tan bèf la--la te vini, jis on ti ponyen nan yo te tandè mesaj bèf la.

197 Nan tan vizaj lòm lan--lan te vini, li te travay pami lèzòm, ou wè, konsa Li te entèlijan. Li te reyisi fè yon ti gwoup soti.

198 E kisa yo te fè? Satan te wè sa, kifè li jis te voye yo tounen drèt ankò pou marye yo ladan l.

199 E sonje, kan èg la va vini finalman, se va on santtyen de on pousan ki va tandè. Se yon aj èg. Sonje, se tout lòt kavalye sa yo...E alò men Jezi te predi ke, "Si Li pat depeche l Vini, patap gen okenn chè, ditou, ki t ap sove pou Anlèvman an."...?...Èske se Lèzekriti?

[Kongregasyon an di, "Amèn."--Editè a] Ou wè ki kote nou ye la, èske w wè l, frè e sè?
["Amèn."] Ou wè ki kote nou ye?

200 Bondye, m tèlman kontan, mwen--mwen--mwen pa konn kisa pou m fè! Men mwen...Sa a se pa jis mwen ki kanpe la ap--ap pale. Mwen enkli ladann, tou. Mwen, mwen fè pati de ou. Ou wè, mwen, Se mwen. Mwen gen fanmi. E m gen frè ak sè ke mwen renmen. E Bondye nan Syèl la, te ase janti pou desann epi--epi revele bagay sa, pa Pwòp...pa dè vizyon ki te pwouve pandan trantan, ke se Laverite. Nou isit la. Nou...Nou rive. Se tou. Rechèch Syantifik te pwouve L. Konfimasyon Pawòl la te pwouve L. Epi nou isit la! E Revelasyon sa vin de Bondye, e se Laverite!

201 Èske w sezi yon bagay? [Kongregasyon an di, "Amèn."--Editè a] M te jis ap mande m si nou te sezi l. Ou wè? Wi, mesye. Konsa m patap bezwen di w li, dimanch. Remake. Remake. Mèveye! Bon, kounye a, remake kounye a.

202 E alò dapre tan an--an kote Bondye ta pral delivre mond anvan delij la, Li te voye èg la.

E nan moman Li ta pral delivre Izrayèl, Li te voye èg la.

203 Èske nou kwè ke nan tan, menm epòk Jan an, sou Zile Patmòs la, Mesaj sa te tèlman pafè ke Li patka konfyè L bay yon Anj? Ou konnen, yon anj se on mesaj. Men èske w konnen ke mesaj a se te on pwofèt? Ou kwè sa? [Kongregasyon an di, "Amèn."--Editè a] Annou pwouve l. Apokalips 22, ann wè si se te yon èg. Ya. Ou wè, li te on...Sèten, li te yon anj, li se mesaj a, men se te yon pwofèt ki te revele Liv Apokalips sa o konplè pou li.

204 Apokalips, chapit 22 epi vèsè 19 la, mwen kwè se sa m gen ekri la...22:19, mwen ka twonpe m. Non. [Yon moun di, "Se 22:9, petèt."Editè a] 22:9, se sa l ye. M t ap gade 22:9. Se sa. O, wi, la.

Aprè sa li di m, Fè atansyon pou w pa fè sa: paske mwen se yon kanmarad sèvitè tankou w, e frè w pwofèt yo,...

205 Obsève sa Jan te wè la.

...Mwen Jan m te wè bagay sa yo, e m te tande yo.

206 Kounye a l ap klotire. Sa a se dènye chapit la.

...E kan m...te tande epi wè, m te tonbe ajenou devan anj ki t ap montre bagay sa yo, ki t ap montre m bagay sa yo pou adore l.

207 E, "li," lè sa, "anj lan," ou wè.

Alò li te di m, Fè atansyon pou w pa fè sa:...

208 Pa gen okenn vrè pwofèt ki dwe adore, oswa nenpòt ki mesajè a, ou wè. Sa se pou Bondye sèlman.

Aprè sa li te di m, Fè atansyon pou w pa fè sa: paske m se on kanmarad sèvitè tankou w, e frè w pwofèt yo, e youn nan sa yo ki ap gade pawòl li sa: adore Bondye.

209 Ou wè? Kounye a, Liv lan sitèlman enpòtan, ke, Se Pawol Bondye an. Kounye a gade. E lè yo pote Pawòl Bondye a, Li dwe pote pa yon pwofèt, paske se limenm Pawòl Bondye a vin jwenn.

210 M te atann mwen a on kesyon sou sa, nan--nan bwat sa la. M te panse m te ka jis pran devan, on tikras, ou konnen. M jis santi genyen youn tankou sa ladan l, se tou. Mwen--mwen te jis panse m te ka pran l, ou wè. Ou wè?

211 Chak Pawòl Bondye te deklare. Bib la pa chanje sistèm li, ditou, ou wè. Se menm bagay la. Sa dwe al jwenn vwayan sa ke nou atann nou k ap vini an, bon remake, Apokalips 10: 1-7.

212 Bon annou li vèsè 9 la--la ankò. Kounye a nou gen...nou...Bon, anvan n al nan vèsè sa, m vle mande w on bagay.

213 Èske w sezi, pafètman, anvan nou kite So sa yo? Bon sonje, pa gen okenn pwisans ki ap soti apre èg sa, ou wè, okenn. Chak fwa antikris la te voye yon bagay, Bondye te voye yon pwisans. Antikris la te voye yon lòt pwisans; Bondye te voye yon bagay pou konbat li. Ou wè? E alò lè Li te rive nan èg la, se te Pawòl Li, ki te retounen jan L te ye o debi a.

214 Bon obsève. Èske pwofèt ke n ap tann pou vini an, se pa yon nonm wenn ak-- ak Espri tankou Eli? Natirèlman, se pap Eli. Men sa va yon nonm, konsa, ki va vini. E ministè l menm se pou voye, pou restore ankò, pou moun sa yo ki te tonbe pa mwayen tòdyè denominasyon sa yo, pou retounen nan Fwa orijinal papa yo. Bon, si sa pa lye Bib sa ansanm, mwen--mwen pa konn kisa k ap fè l. M--M--M paka di plis konsènan sa, paske se sa. Ou senpleman rive. Se Laverite. Ou pran nenpòt ki bagay la soti la, ou tòdyè l. Ou wè? Kifè, sa, sa jis oblije konsa.

215 Bon remake kounye a, nan vèsè 9 la, "Nanm yo ki anba lotèl la." Bon, men kote m vrèman pral jwenn kèk dezakò. Men jis obsève yon minit. Epi jis...Ou wè? M te panse sa, tou, men li pat vini fason sa. Nou gen...Mwen te toujou panse ke nanm sa yo ki anba lotèl la se te moun matirize Legliz primitif yo--yo. E mwen sèten ke, bon, Doktè Uriah Smith, ak yo chak, di ke se sa. Ou wè? Men, m te panse sa, mwenmenm. Men kan Sentespri a te montre vizyon an sou li, se pat sa; se pat nanm sa yo.

Bon, kounye a ou va di, “Ebyen, bon, m pa konn anyen sou sa.”

216 Ebyen, bon, jis on minit, nou pral wè. Gade. Sa yo se pa nanm moun ki nan Legliz Epouz la--la, pa ditou. Nou te konn panse ke se te Legliz Epouz la ki ap tann la, nanm sa yo ki anba lotèl la, ou wè, ki ap rele, “Jouk kilè, Seyè jouk kilè?” Kite m li l ankò kounye a, pou nou ka byen genyen l.

E kan li te louvri senkyèm so a, mwen te wè anba lotèl la nanm sila ke yo te sakrifye pou pawòl Bondye a, e pou temwayaj ke yo te gade:

217 Ou wè, “Pawòl Bondye a, e temwayaj ke yo gade.” Kounye a, piga--piga w bouje la. Jis on minit, ou wè.

E yo te rele...Jouk kilè,...Seyè, jouk kilè?... (ou wè?)...sen e veritab la, ou va...jije epi vanje san nou de sa yo ki abite sou tè a?

E yo te bay chak nan yo wòb blanch; e yo te di yo, ke yo dwe repoze ankò on ti tan, jiskaske sèvitè kanmarad parèy yo yomenm tou e--e...frè yo, va mouri tankou yo, jiskaske sa va akonpli.

218 Bon, pou yo, nan moman sa, si w remake, on fwa Senkyèm So sa louvri, ou wè, Legliz pati ale. Sa senpleman paka li, nanm sa yo ki anba Legliz primitiv la--la.

219 Bon, kounye a, souple, si w te janm dwe bay sa atansyon se kounye a, paske sa a se gwo diskisyon...pale anpil, kifè mwen vle w tande vrèman byen kounye a. E ou gen papyè, ak bagay pou ekri. Bon, m vle w remake.

220 Kounye a, sila yo pakab nanm moun sa yo. Paske, nanm sa yo--sa yo, jis yo--yo, moun matirize yo, moun jis yo, Legliz, Lepouz, sa fè lontan yo te anlve, kifè yo pataka anba lotèl la. Yo dwe nan Laglwa, avèk Lepouz. Bon obsève. Paske, yo te pati nan Anlèvman an, nan katryèm chapit Apokalips. Yo te monte anwo.

221 Bon, kilès nanm sa yo ye, alò? Sa se pwochen bagay la. Kilès yo ye, alò, si yo pa Legliz primitiv? Se Izrayèl ki te sove antan ke nasyon, tout sa yo ki predestine. Se Izrayèl. Se Izrayèl, limenm.

222 Ou va di, “O, tann on minit.” Ou di, “Yo paka sa.” O, wi, yo te dwe sove.

223 Men ni, ann regle sa, jis on minit. Mwen gen kat ou senk Ekriti. M pral pran youn. Ann pran Women, jis on minit, e ann wè si se yo. Annou pran Epit Women an, e ann ale nan--nan chapit 11 Women, e nou va jwenn sa. Jis...Ann jis li l, apre sa nou va sezi l noumenm. Women, chapit 11, vèsè 25 ak 26. Kounye a tande Pòl la.

224 E Pòl di, “Si yon lòt moun, menm yon Anj, ta preche yon lòt levanjil,” (kisa?) “li ta dwe modi.” Obsève.

Paske, frè mwen, m pa vle ke w inyoran konsènan mistè a (en!), sof si w ta vle saj selon pwòp konsepsyon pa w (men ni); avègleman pasyèl rive pou Izrayèl la, jouk lè akonplisman an, kote tout moun lòt Nasyon yo o konplè va antre.

225 Dènye Epouz Moun lòt Nasyon yo te antre, avègleman an te rive pou Izrayèl poutèt rezon sa.

E konsa tout Izrayèl va sove: jan sa ekri a, Va soti an Siyon yon liberatè, e li va detounen tout enpyete pou Jakòb:

226 Dakò! Bon, se Izrayèl, ki anba lotèl sa. Obsève. Izrayèl te avegle poutèt rezon menm ke nou te ka sove. Ou kwè sa? [Kongregasyon an di, “Amèn.”--Editè a] Bon, kilès ki te avegle yo? Bondye. Bondye te avegle Pwòp pitit Li.

227 Se pa etonan, Jezi, te la sou kwa a, ak Jwif sa yo ki t ap reklame San L! Se te Pwòp timoun pa L. E Li te Lèzekriti. Limenm, Li te Pawòl la. Epi la, Li te konsyan ke moun sa yo t ap resevwa L avèk jwa! E se poutèt sa Li te avegle yo, pou yo patka rekonèt Li. Li te vini on fason tèlman enb, epi te avegle yo konsènan sa, pou yo patka resevwa l. Ou wè? Lèzekriti di yo te ka fè sa. Men Li te avegle yo. Yo te avegle! Jezi te gen pitye pou yo, nan yon pwèn tèl ke, Li te di, “Papa, padone yo. Yo pa konn sa y ap fè.” Ou wè? Yo te avèg. Pòl di yo te avèg pou yon rezon, pou nou.

228 Remake. Kounye a m vle w obsève sa a vrèman avèk atansyon. “Yo te ba yo wòb.” Yo pat posede l. Yo te ba yo wòb, wòb blanch, chak nan yo. Bon, kounye a sen yo deja gen sa, deja gen youn; yo te jwenn li isit la. Men la, “Yo te ba yo wòb.” E sen yo te deja gen pa yo, e yo te pati. Ou wè? Ou wè? Yo te gen--Yo pat gen...

229 Ou wè, yo pat gen yon sèl chans, paske Bondye te avegle yo, pwòp Papa yo; poutèt pou gras Bondye a te ka akonpli, konsa yo te ka pran Lepouz soti pami Moun lòt Nasyon yo. Èske se vre? [kongregasyon an di “Amèn.”--Editè a.]

230 Kite--kite m montre w yon yon bèl tip la nan Joseph; Joseph, nonm Espirityèl la, èg la. Li te fèt nan mitan frè l yo, jis menm jan vrè Legliz la ki nan mitan lòt yo. E li te ka entèprete rèv epi wè vizyon. E rès lòt yo te rayi l. Papa l te renmen l.

231 Remake, lè sa, li te deyò, frè l yo te rejte l, pa papa l. Deyò, frè l rejte l, epi yo te vann li pou prèske trant pyès an ajan. Fèmen l nan yon twou, epi abandone l tankou l te mouri.

232 Yo te ranmase l, epi l te chita adwat Farawon. E poutèt li te rejte pa frè l yo, ou wè, yo te ba l on madanm pami moun lòt Nasyon, pa pami pwòp pèp li. Apati de la, li te fè Efrayim ak Manase, ke yo te ajoute pou Izrayèl.

233 Pandan Izrayèl t ap beni yo, ap kwaze men l, de pi piti a ale sou pi gran an, pou l te pase benediksyon an de Jwif yo, retounen...ou pito de Jwif yo a moun lòt Nasyon yo. Ou wè? Men l te kwaze, pou al sou pitit ki pi jèn lan, ki reprezante Legliz ki pi jèn lan ki t ap vini. “Manman legliz la--la te kanpe nan solèy la; li t ap pote bebe sa.” E remake, pou l te genyen l, Izrayèl te kwaze men l, dapre tip sa. E Jozèf...

Timoun sa yo, te gen on manman moun lòt Nasyon.

234 Epouz Izrayelit la, laba a, te vini pa kwazman an, de Otodòks ansyen, a fason Kreyèn an, pa Sentespri a ki te kwaze men Izrayèl. Li te di, “Bondye te kwaze men m.” Li pat gen anyen pou l wè nan sa.

235 Remake. Apre sa, Jozèf, ki te rejte pa pwòp frè l yo, pwòp pèp li, te pran yon epouz moun lòt Nasyon. Jis egzakteman sa Jezi te fè; ki te rejte pa Jwif yo, te pran yon Epouz moun lòt Nasyon.

236 Kounye a annou li yon bagay la. M gen yon ekriti m te note, Ak 15. E, o, sa se jis jan nou ta sipoze anseye l, de tout fason. Bon, m kwè m gen sa kòm sa dwatèt, li Ak 15:14. Dakò. M espere se pou kounye a. Dakò. “Simeyon te deklare kouman Bondye...” Non, annou kòmanse ak vèsè 13 la.

E apre yo te rete trankil, Jak te reponn,...

237 Bon, ou wè, sa k te rive, yo te ale kot moun lòt Nasyon yo. Ou wè? E pakèt pale anpil t ap fèt, poutèt yo te Jwif. Ou wè?

E apre yo te rete trankil, Jak te reponn, pou di, Mesye frè m yo, koute m byen:

Simeyon (se Simon Pyè) te deklare kouman Bondye o kòmansman te vizite moun lòt Nasyon yo, pou chwazi pami yo on pèp pou pote non li.

238 En! Ou wè, non madanm mwen se te Broy. Kan m te chwazi l, li te vin yon Branham. Ou wè?

239 Jezi te chwazi Legliz Li, oswa Epouz Li, pami moun lòt Nasyon yo. Se Lèzekriti, sou fòm tip, tankou l te ye pou Jozèf.

240 Bon remake sa, kounye a, nanm sa yo anba lotèl la. Ebyen, an...sa a, "Nanm sa yo," konprann kounye a, "ki anba lotèl la," enben yo te matirize pa dèzòm plen ak peche tankou Eichmann. Ou wè? Yo te kenbe fè m, dè milyon nan yo, ou wè, men yo te kontinye rete Jwif.

241 Bon, sonje. Kisa sa te ye? "Yo te touye yo poutèt Pawòl Bondye a," pa pou temwayaj Kris. Èske nou konprann sa?

242 Men, sonje, Legliz tou, te antre, moun matirize nan Legliz yo, se te pou Pawòl Bondye a ak temwayaj Jezikri. Konbyen moun ki konn sa, isit la nan.../Kongregasyon an di, "Amèn."-- Editè a/ Ya. Dakò.

243 Men sa yo pat gen temwayaj Jezikri, kounye a.

...poutèt Pawòl Bondye a, e poutèt temwayaj ke yo te gade a:

244 Se Jwif yo! E Hitler te rayi yo, Eichmann tou, Stalin tou, tout rès mond lan. Ou wè? Men yo te rete fidèl a sa yo te kwè. E yo te touye yo poutèt yo te Jwif.

245 Èske w te konnen ke Martin Luther te on jan gen menm ide sa, tou? Se laverite. Li te di, "Yo te dwe debarase ak tout Jwif yo. Yo se antikris." Ou wè? Men li te sou yon lòt dispansasyon, e li pat wè l, li pat wè Pawòl la.

246 Kounye a Pawòl l, Verite a, rive. Kouman w pral janm ka avegle Izrayèl? Ou paka fè l. Non.

247 O, kouman pwofèt sa te ka kanpe la, jou sa, pou di, "Izrayèl, ou tankou yon cheval ak yon kòn."? Pandan yo t ap eseye montre l pi move pati li yo! Li te di, "Ebyen," li te kontinye, "nenpòt moun ki beni w li va beni, e nenpòt moun ki modi w li va modi." Se vre. O, nèg pa m! Kouman ou pral fè sa?

248 Yon lè yo te panse Bondye te bliye l, lè pwofèt la te wè bagay sonb sa ki t ap vini pou Jwif yo. Nonm sa ki te kanpe la, ak Pawòl Bondye a ki te vini an abondans pou li. Li te di, "O Seyè, èske W pral bliye pèp Ou?"

Li te di, "Kisa ki blayi la bò kote w la?"

Li reponn, "Yon baton pou mezire."

249 Li te di "Ki wotè l parapò a Syèl la? Mezire l." En-en. "Ki pwofondè lanmè a?"

Li te reponn, "M paka di l."

250 Li te di, “Mwenmenm tou m paka, Mwenmenm tou m paka janm bliye Izrayèl.” Non, mesye. Li pa pral bliye l.

251 Li te oblije avegle Pwòp pitit Li. Kounye a, panse a sa. Avegle Pwòp pitit Li, pou bannou on chans, e nou tounen do bay Sa. Bon, èske sa pa fè w santi w tèlman piti ke w taka ranpe anba yon blòk siman ak on chapo tankou yon dis-galon sou tèt ou, e ou patap janm touche sa? Sa a tou piti, ou konnen. O, la la! Wi.

252 “Yo te kenbe fè m poutèt Pawòl Bondye a.” Yo te Jwif. Yo te gen lwa yo; Yo te rete avè l. Sonje yèswa, kounye a? Ou wè? Yo te rete avèk sa. E yo te Jwif, e yo te gen lalwa. E lalwa se te Pawòl Bondye a, e yo te rete drèt pwòch li. Se vre. “E poutèt temwayaj yo te gade a, yo te matirize.” E men nanm ki te anba lotèl la, aprè Legliz te al fè wout li.

253 Kounye a obsève. Nan avègleman yo, yo te matirize Mesi yo a, e kounye a yo t ap rekòlte pou sa. Yo te reyalize sa. Yo te rekonèt sa, apre sa te fin pase. Yo te wè L lè sa, lè yo te vin devan lotèl Bondye a. Men kounye a gras Bondye avèk yo.

254 Obsève. Bon, yo patka, dè sen, kèlkeswa jan an, paske sa yo te deja abiye ak wòb yo. Men yomenm yo te la kounye a, jis “nanm ki anba lotèl la, poutèt Pawòl Bondye a, ak temwayaj yo te gade a,” pou te vin pèp Bondye, Jwif yo.

255 Men kounye a, siveye, gras Bondye vin jwenn yo. E Jezi ba yo, yo chak, yon wòb blanch, (o, la la gade; sa tonbe dirèk, apre Legliz te pati) poutèt yo te fidèl ak koz yo a. E yo te avegle, e yo pat konn sa. Yo pat konn sa. Yo t ap jwe egzakteman pati Bondye te òdone yo pou jwe a. E la, la, Jan gade e l te wè nanm anba lotèl la. Kounye a obsève, li wè nanm sa yo. Obsève kijan l te rele yo.

Yo t ap mande, “Seyè, jouk kilè?”

Obsève, “Jis on ti tan pi long.” Ou wè?

256 Ann antre nan sa, pandan n ap desann, tou dwat nan Lèzekriti kounye a. Yo reyalize yo te touye Mesi a. Ou wè? E yo pat konn sa, men apre sa yo te reyalize l. Yo te--yo te touye, prè, pou peye pou sa: pou aksyon yo pou foste yo. E kounye a gade on bagay yo te dwe fè! Ou wè, yo te koupab asasen, konsa yo te komèt asasinay. Ou wè? Yo te pouse gwo kri, “Ke San L tonbe sou nou!” Ou wè? Se vre. E yo te avegle.

257 Bon, si yo te avegle; Bondye di, “Kite yo trankil. Yo pa diy.” Men piske yo te avegle pa Bondye, gras Li te deplwaye al jwenn yo. Amèn! W ap pale de yon gras etonan! E L te bay yo chak yon wòb, paske tout Izrayèl va sove, yo chak gen non yo ekri. Se vre. Jezi ba yo wòb.

258 Tankou Jozèf te fè pou frè l yo; se yon tip. Gade, kan Jozèf te kanpe la, e lè li te finalman...Li te fè konnen tèt li la toupre lotèl la, pwòp lotèl li, nan palè li, twòn li. Li di, "Tout moun soti kite m." Madanm li te laba nan palè a; kote Epouz la va ye.

259 E li te di yo, li te di, "Nou pa rekonèt mwen?" Ey, li t ap pale Ebre kounye a. "M se frè nou Jozèf." O, la la!

Yo te di, "Bon, o, ou pral mete pou nou."

260 Li te di, "Tann on minit. Tann on minit. Bondye te fè sa pou yon rezon. Li te sèvi avèk nou pou nou te mete m de kote, pou sove vi." Glwa! Men ni, egzakteman. Li te di, "Piga, pig a w fache ak tèt ou." Sonje Jozèf te di sa, Li te di: "Piga nou fache ak tèt nou. Tout bagay oke kounye a. Tout bagay fini. Bondye te voye m la, anvan nou."

261 Ou konnen, Bib la di ke yo va di L, lè yo va wè L ap vini, yo va di, "Di nou, Ou se Mesi a, nou konnen. Men, men, kisa mak sa yo ye?" Ou wè?

262 Li te reponn, "O, M te pran yo kay zanmi M yo." Zanmi?

263 E alò lè yo reyalize l, sa k rete yo, san karant kat mil yo, Bib la di ke yo va separe, de kay an kay. E yo va pran dè jou, jis pou kriye, epi rele, epi ap fè lè san pa; ap di, "Kouman nou te fè fè sa? Kouman nou te fè fè sa? Enben, nou te krisifye pwòp Mesi nou an." Li te di, yo t ap kriye tankou yon fanmi ta va fè l pou sèl pitit li te fè a, "Kouman nou te fè fè sa?"

264 Jwif sa yo, Yo--yo se pèp ki pi relijye nan mond lan; chwazi pa Bondye yo. Men Li te avegle yo, pou L te ka pran nou, e nou te tounen do ba Li. Kisa jijman legliz moun lòt Nasyon yo va ye! Men ni. Ou wè? Te avegle pou yon rezon, pa Bondye, pou L te ka rive a nou, yon Epouz pou Kris. Te pran yo al lwen...Ou wè? E se davans yon tip de sa, ak tout bagay.

265 Bon nou wè kimoun nanm sa yo ye? Yo pat sen matirize yo. Yo te deja pati. Se vre. Remake, yo te, yo te pati lontan. Ou wè?

266 Kifè, yo te bay sila yo wòb, yo chak. E kounye a, m vle w remake. Men kounye a gras Bondye te vin jwenn yo. Jezi ba yo chak yon wòb blanch, tankou Jozèf te fè, gras li pou frè l yo.

267 Bon obsève. Menm si yo te eseye debarase yo de Jozèf, tou, men gras li te etann rive jiska yo. Ou wè? "O, se kòrèk. Se kòrèk. Nou pat fè eksprè. Men, ou wè, se te Bondye ki te fè sa. Ou wè? Bondye te kite nou tout fè sa pou L te ka mennen m, e fè m rive la pou m te ka sove vi pèp la, moun lòt Nasyon sa yo la, kote m te jwenn madanm mwen. M patap gen okenn madanm si--si ma pat rete dèyè a la. Bon, M renmen madanm mwen. Li ban m timoun sa yo

la.” E li te di, “Mwen--mwen...E kounye a--kounye a m ap vini pou pran nou tout. Kounye a nou tout pral genyen l tout bon, tou. M pral mennen nou la. Nou tout pral viv ansanm, tankou yon grann famiy.” Ou wè? Ou wè? Ou wè? Li te di, “Yon sèl bagay M vle mande w. Èske vye papa m nan ap viv ankò?” O!

268 E siveye l, sa l te fè pou ti Benjamen, ki se yon tip san karant kat mil yo, lè nou va pran l pita. Ou wè kisa l te fè? Li te kouri vit al jwenn Benjamen, te sote nan kou l epi te kòmanse ap pase men nan kou l. Ti frè l la ki te fèt nan fanmi an apre l te fin pati ale, ou wè; menm manman, premye legliz la, legliz Ôtodòks la. San karant kat mil yo te fèt nan absans Li, pandan L te pati lwen pou L te gen Epouz Li moun lòt Nasyon. O, la la! Èske sa pa jis fè kichoy pou ou! Men ni. Kifè ou wè kilès yo ye? Men yo.

269 Remake kounye a, menm si yo te eseye debarase yo de Jozèf, gras li te deplwaye pou yo.

270 Menm si yo te eseye debarase yo de Jezi, Li toujou retounen ap fè viwonn yo, paske yo te avèg, e L te ba yo chak, yon wòb blanch. Li ta pral pran yo pou fè yo antre, lakay, de tout fason. Sa pa fè okenn diferans, paske Li te di, “M pral sove yo tout, de tout fason.” Ou wè?

Kounye a vèsè 10. Remake, yo te mande “revanch.” Ou wè?

271 Bon, si sa se te Lepouz, se t ap tankou Etyèn: “Papa, padone yo,” ou konnen. Ou wè?

272 Men sa yo se Jwif ki fèk antre, ou wè. Y ap mande vanjans. Remake ankò, ou wè, ankò Li te di...Remake, se pa...Li te di, “Yo se frè w,” Jwif yo. San...Bon yo te vle vanjans. Yo te di, “O, nou pral...Nou, nou vle ke W vanje nou anba la.”

273 Li te di: “Jis on ti moman, kounye a, jis on ti moman.” Paske, remake, kite m li l isi a. Li nan vèsè 10 la-la. Trè byen.

Yo t'ap rele byen fò: O Seyè, ou menm ki sen, ou menm ki verite a, konbyen tan ou gen pou tann ankò anvan pou ou vini jije moun ki rete sou latè a, pou ou vin vanje san nou paske yo te touye nou?

Yo ba yo chak yon rad blan mete sou yo. Apre sa, yo mande yo pran pasyans...pou yon ti tan ankò, ou wè, (kisa?) yon ti tan, jouk kanmarad sèvis...

274 Ou wè? Kounye a sa l ye? Pwofèt yo kounye a ap preche bay Izrayèl. Ou wè?

...jouk kanmarad sèvis ou yo tou...kanmarad sèvis ou yo ak frè w yo tou, ki gen pou mouri...

275 Ou wè, sila yo ki predestine pou yo fè yo sa. Nou wè?

...ki gen pou mouri tankou yo a, fin kont.

276 Ou wè, nan lòt mo, sa predestine pou yo. Se Lèzekriti, ke yo dwe fè sa. “E jis poze pou on ti moman. Kounye a nou gen rad nou; nou pral lakay; epi jis chita la a on ti moman, ou wè, tann jis on tikal.”

277 Kounye a remake. Kounye a remake: “Frè W yo.” “Yo dwe touye Frè W yo,” ki vle di sankarannkat mil lan ke yo dwe rele nan Tribilasyon an. Sankarannkat mil la ki rele a.

278 M swete nou te gen tan. Nou ka petèt pran l demen swa, si Seyè a vle, nou...jis anvan nou rantre sou lòt So a. Ou wè?

279 Epitou, gade kounye a, antikris la dwe matirize yo. Nou fèk vin ladan l; epi remake, nan dènye kous la, kote l kase-kase alyans sa a ak Jwif sa yo anba la a. E men l ale. Ou wè?

280 Jwif sa yo, sankarannkat mil lan, de temwen Apokalips 11 la dwe rele yo soti. Kounye a, nou sonje, yo te dwe pwofetize.

281 Nou te li sa. Konbyen moun ki te li sa? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Sèten, nou tout konnen, ap li Ekriti a.

282 Epi yo pwofetize, de temwen sa yo pwofetize, nan tan dezyèm mwatye swasanndis semèn Daniel yo. Sa se dènye twazan edmi yo.

283 Sonje kijan n te pran swasanndis semèn Danyèl yo? M te di nou t ap bezwen l lè n t antre isi a. M pat konn poukisa, men m jis...Yon Bagay te di m nou t ap bezwen l, e men nou isi a. Ya. Ou wè?

284 Remake, nan tan Danyèl la. Kounye a sonje, Danyèl te di ke: “Mesi a t ap vini,” prens lan, “Mesi a,” pito, “e L t ap pwofetize. Izrayèl te toujou gen swanndis semèn ki rete. E nan mitan swasanndis semèn yo, Mesi a t ap koupe, epi sakrifis chak jou an t ap retire.” Èske se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] “Men te toujou gen twazan edmi, dè semèn ki fikse.”

Nan blòk sa a, Li pran Epouz Moun lòt Nasyon yo.

285 Kounye a, Li monte. Epi lè L monte, de pwofèt yo leve bay Izrayèl. Ou wè?

286 E nanm sa yo ke yo te matirize, kounye a, anba tout isi a, vrè Jwif tout bon anba tout la a; ki te gen non yo nan Liv lan, ki te viv vi dwat la epi te fè bon bagay la, te viv Jidayis la nan tout pwen. Yo, Eichmann ak plizyè lòt te matirize yo. Moun onèt, dè milyon ladan yo anba la a! E Alman sa yo te tire yo pou yo mouri, epi te asasinen yo, epi te touye yo, epi te pann yo

nan kloti, epi te boule yo, epi te ensinere yo, ak tout lòt bagay. Hitlè san santiman sa a, oswa kè plen ak san, grangou san, ak Stalin, ak Mussolini, ak tout moun sa yo ki te rayi Jwif sa yo!

287 M panse se youn nan-youn nan bagay k ap kenbe nasyon sa a ansanm, paske yo te toujou respekte Jwif yo, se vre, te ba l on plas. Onore Jwif yo, epi Bondye va onore nou.

288 Kounye a, g on gwoup Jwif ki se rebèl, jis tankou gen Moun lòt Nasyon ki menm fason an.

289 Men vrè Jwif la, Bondye mete non l sou Liv lan anvan fondasyon mond lan. E men l te isi a, asasinen anba nan tan sa a. E sonje, panse a sa kounye a, kijan sa pafè. Touswit apre nasyon mond lan te touye milyon Jwif sa yo, moun inosan; Lekriti di isi a, nan tan sa a menm, ke yo chak anba lotèl la, reyalize sa k te pase, e yo te ba yo rad blan.

290 Epi yo te di: “Ebyen, poukisa? Èske n ka retounen nan wayòm lan kounye a menm?” Wayòm Jwif lan dwe tabli sou latè, nou konnen. Jan te di wayòm la te la a, ou wè, pou l tabli.

Kounye a, sa se Wayòm Levanjil lan, nou wè.

291 Men wayòm Jwif yo pral preche pa de pwofèt sa yo-sa yo, kifè remake wayòm latè a-a isi a.

292 “Wayòm Syèl la preche,”...pa Jwif yo, oswa bay...M vle di: “bay Moun lòt Nasyon yo.”

293 Wayòm isi a sou latè, dwe tabli nan Milenyòm lan, apre, Milenyòm lan pou Jwif yo.

294 Kounye a remake. Remake sa a kounye a, isi a, pandan yo-pandan y ap preche, ou wè.

295 Anvan pwofèt sa yo-sa yo janm leve sou sèn lan; Jwif sa yo ki te dwe mouri anba Eichmann ak sila yo, chak nan yo ki te predestine, yo ba yo (pa lagras) yon rad blan. Yo te bay chak nan yo yon rad blan. Remake.

Kounye a sa k rive? Osito sa pase...

296 M ap gade revèy sa a dèyè la a, e m konnen n ap-n ap rive nan ta. Men m pa vle...Ou wè, mwen-mwen...Sa yo...ap remake pòv kanmarad sa yo ki kanpe la a. Bondye ede nou, frè. M swete chak nan nou resevwa yon rad blan jou sa a, ou wè. Kanpe, ap chanje ale vini, ak janm yo k ap fè mal. E kèk nan jou te travay tout jounen. M konn sa sa ye. Epi gad isi a...E kèk nan pòv vye ti madanm yo ki kanpe. M remake kèk nan mesye sa yo bay medam yo chèz yo; e yon lòt moun bay, kèk pòv ti manman ak on bebe. E mwen-m-m-m wè tout sa, ou wè, e

m sèten Li wè l. Remake. Men m pa vle kenbe nou twò lontan. Si m ka jis fè nou wè Mesaj la, se tout sa m vle nou fè, ou wè.

297 Kounye a remake Jwif sa yo. M dwe fè sa, pou kite n wè revelasyon So sa a; ou wè sa l ye, nanm sa yo anba lotèl la, ak kimoun yo ye. Kounye a remake.

298 Nan tan Danyèl, kounye a, dezyèm mwatye setyèm semèn lan. Kounye a sonje: “Yo te dwe koupe Mesi a nan mitan an.” Sa se mitan an. Ebyen, kisa k mwatye sèt? [Asanble di: “Twa edmi.”—Editè a.] Twa edmi. Konbyen tan Kris te preche? [“Twa edmi.”] Se sa. Kounye a: “Men genyen toujou ki fikse, pou moun yo,” (kisa?) “yon lòt twa zan edmi.”

299 Ebyen, pandan tan sa a, pouki, ou wè, sa k rive, se, Epouz Moun lòt Nasyon te chwazi nan sèt laj legliz yo, epi monte.

300 E lè sa fèt fason sa a, tout Jwif sa yo ki te matirize pandan la a paske yo te avèg, lonje anba lotèl la, Bondye vin la a epi di: “Nou wè kisa l te ye? Kounye M ba nou chak yon rad.”

Yo te di: “Konbye tan, Seyè? Èske n ap antre kounye a?”

301 Te di: “Non, non, non, non. Moun parèy nou, Jwif yo, dwe souffri on ti kal, toujou. Yo dwe matirize yo tankou nou te matirize. Bèt la dwe pran yo lè l kase alyans li an.”

302 Kounye a remake. E kounye a remake, yon fwa...Kounye a jis sonje, pwofèt sa yo dwe pwofetize selon Apokalips 11. Noumenm, nou te leve men nou, nou te li l. Ou wè? E yo te resevwa pwisans.

303 E nou pral dekouvri kimoun yo ye, jis nan yon minit, si Seyè a vle. Kounye a remake kimoun pwofèt sa yo ye. E kounye a Bib la di sa isi a. Sèten, Li fè l. Sèten! Ou wè?

304 Kounye a, remake, nan mitan sa a, twa semèn edmi kounye a, ke y ap pwofetize anba isi a epi Apokalips la-la te di isi a...E yo-yo te pwofetize pandan mil twasan karant jou. Si...

305 Kounye a, almanak Jwif regilye a, tan regilye nan almanak Bondye a, se egzakteman trant jou nan yon mwa. Almanak Women an, sa k te mele l la. Almanak regilye an se trant jou nan yon mwa.

306 Kounye a, si n vle pran trant jou, epi ajoute twazan edmi sou li, epi wè yon trant jou, epi, ebyen kisa n genyen? Mil twasan ak...oswa desan swasant jou. “Mil desan swasant jou (swasant),” egzakteman twazan edmi.

307 Kounye a, nou wè, pa gen erè nan sa. Men li, jis koresponn ansanm tankou yon-yon depyès ki vini ansanm. Remake, de pwofèt sa yo te preche pandan twazan edmi, bay Jwif yo. Nan sa a, yo te rele sankarannkat mil la soti.

308 Epi apre, remake, de pwofèt sa yo se egzakteman Moyiz ak Eli. Ou wè? Ou wè? Kounye gade, gade, yo...Gade ministè yo. Kounye a gade kisa pwofèt sa yo fè. “Yo gen pouvwa pou frape latè ak yon fleyo, souvan otan ke yo vle.” Kimoun ki te fè sa? Moyiz. “Yo gen pouvwa pou fenmen syèl la, epi lapli pa tonbe nan jou ministè yo.” Kimoun ki te fenmen syèl la pandan twazan edmi? [Asanble di: “Eli.”—Editè a.] Men yo. Se yo. Ou wè, se...

309 Ou wè, nonm lan, lè l mouri, li pa chanje ran li. Li pa chanje fason l fèt, ou wè. Gade, lè-lè, anvan...

310 Lè Sayil te retwograde, e pat gen okenn pwofèt nan peyi a, li pat ka konprann kisa pou l fè-kisa pou l fè. Li t ap fè fas a sa. Li ta pral nan batay. Li t al jwenn sòsyè Endor lan.

311 Kounye a, jis san towò yo ak kabrit yo, li te ka fè sa. E li te rele lespri Samyèl monte.

312 E lè Samyèl monte, men l te kanpe, nan rad pwofèt li. Pa sèlman sa, men li te toujou yon pwofèt. Te di: “Poukisa w rele m soti nan repo m,” ou wè, li te di: “m wè ou vin yon lènmi pou Bondye?” Li te di: “Bò lè sa a, demen swa, ou pral tonbe nan batay la. E nan lè sa a, demen swa, w ap avè m.” E se egzakteman sa k te pase. Ou wè? Pa sèlman...Li te toujou yon pwofèt. Ou wè?

313 E kanmarad sa yo te toujou dè pwofèt. Kounye a n ap antre on tikal fon nan sa, jis nan kèk minit, si Seyè a vle. Ou wè?

314 O la la, ala m renmen Pawòl sa a! Pa sezi: “Lòm pap viv pa pen sèlman. Tout Pawòl ki sot nan bouch Bondye!”

315 De pwofèt sa yo se Moyiz ak Eli, selon zèv yo ki refèt nan menm modèl la ankò. Sa, sa te toujou ministè yo. Kounye a remake, jis menm jan yo te fè. Sa pat chanje yo. Sonje, mesye sa yo pat janm mouri. Gade jis on minit.

316 Kounye a, pa konfonn, anvan n al lwen sa a. Pa konfonn senkyèm moman ministè Eli a ak katryèm moman ministè l la. M t ap di nou, Legliz Moun lòt Nasyon yo t ap tann Eli. Egzak.

317 E men l bò isi a ak Jwif yo. Sonje, li pa ka vini kat; sa se-sa se chif lènmi an. Li dwe senk.

318 Premye fwa I vini, li te Eli, limenm. Pwochen fwa I vini, li te Elize. Pwochen fwa I vini, li te (kisa?) Jan Batis. Pwochen fwa I vini, se pou setyèm anj lan. E senkyèm fwa I vini, li ak Moyiz lòtbo a, ap preche ba yo. Sèten. Wi, mesye. Pa ba I konfizyon. En-en.

319 Senk, si nou konn nimerik nou-nou nan Bib la, senk se chif lagras k ap travay. E se sa L te fè. Kounye a, gade, nou vle konn kote sa ye. Èske Jezi se t on travay lagras? J-e-s-u-s, senk, l-a-b-o-r. Èske se vre? Travay, pou-pou lanmou pou nou. E si n rive nan Li, kijan n vini, pa kisa? L-a-f-w-a nan l-a-b-o-r. Èske se vre? L-a-b-o-r se chif lagras, trè byen, pou kwayan yo.

320 Remake, premye Eli an, se te limenm. Dezyèm lan se te Elize. Twazyèm lan se te Jan. Katryèm lan se te setyèm anj lan, oswa dènye mesaje a pou Legliz la, selon Malachi 4 ak Apokalips 10:7. Kounye a, senkyèm fwa an, li s on mesaje pou Jwif yo, pou sankarannkat mil lan, pou Jwif yo, apre Legliz la pati.

321 Mwen-m-m jis santi m on tikal dwòl, ou wè. Ou wè? Gade, si kèk panse...M vle n konprann sa a kounye a, ou wè? Si kèk toujou panse ke Malachi 4, “pou restore” moun yo, se menm bagay li pral fè anba la a bay Jwif yo, epi panse tout se menm lan, kite m jis mete sa dwat pou nou, jis on minit. Ou wè, li t ap ban nou on tikal konfizyon. Paske, sonje, nan Malachi 4, di: “Fè Lafwa papa yo tounen...oswa timoun yo tounen bay papa an.” Ou wè, tounen bay papa an!

322 Kounye a kite m montre nou diferans lan nan ministè a. Si I vin pou fè Lafwa timoun yo tounen bay papa yo, li t ap renye Kris. Li t ap retounen nan lalwa. Se vre? Papa yo te kenbe lalwa. Nou konprann li? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

323 Remake, lè Elize, lè I vin akonpli ministè I nan Malachi 4, ou wè, kòm Malachi 4, Eli te poukont li.

324 Men lè I vin pou preche bay Jwif yo, de Apokalips 11, li gen Moyiz avè l. [Frè Branham bat men l ansanm de fwa—Editè a.] Kidonk, pa gen konfizyon, pa on bout. Ou wè? Konprann li? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

325 Lè Elize vini, de Malachi 4, li poukont li. Eli ap la a; pa Eli ak Moyiz. “Eli” ap leve. Men menm enspirasyon an, ki, te di Eli pral vini pou dènye pati laj legliz lan, “pou restore Lafwa timoun yo tounen bay Lafwa orijinal papa yo,” Lafwa apostolik lan, ke nou sipoze tounen ladan l. E antikris lan te rale tout soti. “Pou tounen restore,” kòm tout rès Lèzekriti te mele ansanm. Ou wè, li vin pou kò l. Ou wè?

326 Men lè I vin jwenn Legliz la, Bib la...oswa vin jwenn sankarannkat mil lan, Bib lan deklare klè ke toude limenm...Gen de nan yo, pa youn nan yo. De nan yo! E premye ministè I la pat ka pran Jwif yo epi mete yo tounen nan lalwa, vin li...paske I vini, ap preche Kris bay sankarannkat mil lan, amèn: “Men Li, Mesi sa a ki te koupe an.” Amèn! Se sa, kidonk pa bay sa konfizyon. Se pa konfizyon. Lekriti pa bay manti, pa on bout.

327 Glwa! O, lè m te wè sa, m t ap sote anlè! M te di: “Mèsi, Seyè,” lè m t ap gade I k ap pase deyò la a. Te wè Eli sa a k ap mache soti la a pou premye laj sa a, poukont li, epi li te poukont li. Apresa lè m te wè I vini ankò, ale nèt lòtbò yon lòt kote, te gen de nan yo la a lè sa te pase. Te di: “Men li. Sa, se sa k fè I, Seyè. Amèn! M wè I kounye a! Alelouya!” Se egzakteman sa.

328 Si m pat mansyone sa, t ap gen yon ti konfizyon pou yon moun. Men Li-Li te di m mansyone I, kidonk m te fè I.

329 Remake, Bondye kenbe mesye sa yo vivan, apati de ministè orijinal yo a, pou sèvis nan lavni; yo te sèvi I sitèlman byen. Ou wè? Jis panse, lespri ministè Eli yo senk fwa; Moyiz, de. Kisa? Kenbe vivan pou pi lwen, sèvis nan lavni.

330 Pat gen youn nan yo ki te mouri kounye a; èske n pa kwè sa. Yo te wè toude, vivan, ap pale ak Jezi sou Mòn Transfigirasyon. Men, sonje, yo dwe mouri.

331 Kounye a, kounye a, Moyiz te mouri an reyalite. Men I te leve vivan, paske I te yon tip pafè Kris. Ou wè? Pèsòn pat janm konn kote I te antere. Zanj yo te vin pran I. Ou wè? Li te gen Zanj pou pote sèkèy li. En-en. Poukisa? Okenn mòtèl pat ka bwote I kote I ta prale a. Li te jis al jwe yon wòl, se tout. Li te gen Zanj pou pote sèkèy li, ou wè, paske Yo te mennen I kote I te sipoze ye. Pèsòn pa konnen.

332 Menm Satan, pat menm konnen. Li te nan diskisyon ak Akanj la. Se vre. Li pat ka konprann kisa k te rive Moyiz. “M te wè I ap tranble lòtbò la a. Epi I t ap gade tè a, ap tounen gade timoun yo, e latriye, m te wè I ap tranble. Men li te monte sou Wòch lan, epi se te dènye fwa m te wè I.”

333 Sa se Wòch lan! Sa se Wòch lan! Kite m kanpe sou Wòch sa a, nan fen wout mwen! Wi, mesye! Kounye a,...Frè ras nwa m yo te abitye monte isi a epi chante yon ti chante: “Si m te kapab, se sèten mwen t ap kanpe sou Wòch sa a kote Moyiz te kanpe a.” Wi, mesye! O, sa se Wòch m vle kanpe sou li a, tou. Pa lafwa m kanpe la a.

334 Men sonje, Eli, li te jis vin fatigue, paske li te gen anpil travay devan I. [Frè Branham f on kanpe. Asanble ri—Editè a.] Kidonk li te vrèman byen bouke, epi Bondye te jis voye yon

woulib pou li pou al Lakay, se vre, te voye yon cha. Èske se vre? [“Amèn.”] Te mennen l monte. Li pat janm mouri, paske Li te kenbe l vivan. Li te gen yon travay nan lavni pou li. Kite l wenn yon nonm, tou, ou wè, vini nan Lespri l.

335 Men yo dwe goute lanmò. Kounye a Apokalips, chapit 11 lan. Kounye a, ann ale, m isi a menm tout jan. Ann jis rive ladan l, Apokalips 11. Gade epi wè si yo pat touye toude. Wi, mesye. Yo toude dwe goute lanmò. Wi, mesye. Apre ministè yo te fini, yo goute lanmò. Apokalips 11, epi ann kòmanse nan 7.

Lè y'a...fini temwayaj yo, bèt ki soti nan gwo twou san fon an...mare batay ak yo...

336 O la la, li pa ka sipòte l; egzalte sa yo tounen ankò, ou wè. Trè byen. Trè byen.

...soti nan gwo twou san fon an...mare batay ak yo. La kraze yo, la touye yo.

337 Men gade sa k rive. Yo tipifye pafètman kounye a.

Kadav yo va rete nan lari-nan lari gwo lavil la,... esprityèl...Y'a rele l' Sodòm ak Lejip, kote yo te kloure Seyè nou a sou kwa a tou. (Jerizalèm, ou wè).

338 Kounye a yo dwe goute lanmò, (pa vre?) se vre, apre ministè yo a fini.

339 Poukisa? Ministè setyèm zanj lan, ministè setyèm zanj lan, ministè Eli pou setyèm zanj lan, pa...Pouki pa, pouki pa ka, pito, m ap eseye di, ministè setyèm zanj lan lè sa a ki fèt pa Moyiz, si l imòtèl, menm jan li te ka fèt pa Eli? Poukisa yo pa...Poukisa Bondye pat jis voye, te di: “Eli, ou-ou te fin travay sitèlman di, Mwen...ak tout bagay, tout plas diferan sa yo. Mwen-Mwen kwè M ap jis voye Moyiz desann”? Poukisa?

340 Gade ministè Moyiz la. Eli te yon pwofèt pou tout nasyon yo; men Moyiz te yon lejislatè pou Jwif yo sèlman. Amèn. Moyiz la a pou di... Rezon li vini ak Eli... Jwif sa yo ap di: “Tann, nou toujou ap kenbe lalwa isi a.” Men men Moyiz kanpe limenm; e men Eli kanpe avè l. O! Ou wè? Li vin jwenn Jwif yo sèlman. Ou wè? Moyiz te sèlman al jwenn Jwif yo; pwofèt Eli te la pou tout nasyon yo. Men Moyiz vin yon pwofèt pou Jwif yo, ak yon lejislatè. Ou wè? Se te mesaj li, lalwa a.

341 Men kisa k te mesaj Eli? Bay fanm cheve koupe yo; denominasyon. Wi, mesye. E li te vrèman rache yo an myèt moso. Figi pentire; te di yo: “Yo pral nourri chen yo avè nou.” Li te jis vrèman rache yo.

342 Epi apre lè Lespri l vini sou Jan, li te pile mache dwat sot nan dezè a epi l te fè menm bagay la. Egzak. Te di: “Piga nou panse ke nou fè pati de *sesi* oswa *se la*. Bondye kapab leve timoun pou Abraham nan wòch sa yo.”

343 Te mache sou Herodias, te di: “E w vle di m ke w te marye ak pwòp bòfrè w...?” Te di: “Li pa legal pou w fè sa!” O, frè! Fiouw! Hum! Li te di l. Sèten.

344 Remake, nanm sa yo dwe tann pandan yon ti sezon, pou sankarannkat la...pou yo matirize yo O, èske sa pa, èske pa...Sa jis mete Bib lan ansanm.

345 Kounye a tan m fini egzakteman, si m kite soti bonè. Men m gen jis kèk ti bagay an plis pou m di, si n ka sipòte l. [Asanble di: “Ou mèt ale!”—Editè a.] M konnen fè cho. E m ap swe.

346 Men, koute, m jis g on bagay pou m di nou. Li jis sitèlman bon, li jis ap boule dwat nan kè m. M swete nou pat bliye l, ou wè. Kite m di sa, nan prezans Li. Pa gras Li, Li kite m wè moun mwen yo tou, sa pa fè lontan, nan rad blan. Nou sonje sa? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Sonje? Nou sonje istwa a, sa pa fè lontan? [“Amèn.”] Epouz Moun lòt Nasyon yo, yo la a kounye a. Yo tout te nan rad blan.

347 M te leve. M te nan yon reyinyon. Sa te fè apeprè en an de sa, on tikal plis. M te leve yon jou maten, epi m te monte kò m. Epi m te di madanm mwen: “Cheri?”.Li pat bouje. Timoun yo apeprè...Te dwe leve epi mennen yo lekòl, dwat anwo isi a nan ansyen kote a. Ebyen, m te leve nan kabann lan, nou konnen, epi m te apiye. Nou konn kijan; chita epi jis apiye tèt ou dèyè sou tèt kabann lan. Nou te gen youn nan kabann ansyen mòd yo. E kidonk m te jis apiye dèyè kon sa.

348 Epi m te panse: “Gason, ou gentan gen senkanntwa zan. Si w pral fè yon bagay pou Bondye, pito w ta pran fè l, paske w pral vin twò-twò granmoun, apre on moman.” Ou wè.

349 Epi m te panse: “Ou konnen, se vre, kounye a.” M te panse: “Gason, ou konnen, m pa twò lwen. M dwe ale trè byento.” M te di: “Sa se-sa se yon lane pi granmoun pase papa m te viv.” Ou wè? M te panse: “M dwe ale trè byento. M te wè l. Epi, isi a, m potko fè anyen pou Bondye.” M te panse: “M te toujou vle f on bagay pou Li.” M te panse: “M dwe prese epi fè l, si m pral fè l. E m pa konn kijan m pral fè l, se tout.”

350 M te panse: “Patnè, m espere m viv pou m wè L ap vini. M pa vle vin on fantom, oswa yon lespri.”

351 Ou wè, m te toujou pè yon lespri. Epi kounye a, nou konnen, jan sa a de yon...M te toujou panse, tankou si m ta rankontre Frè Neville epi l ta yon ti nyaj blan k ap deplase nan

viwonn lan, nou konnen. Epi m t ap di: “Alo, Frè Neville.” Epi l t ap di: “Alo, Frè Branham,” pa kèk lòt sans; li pat ka pale. Men m t ap jis konnen se te Frè Neville. Ya. M ta vle ba l lanmen tankou m toujou fè. Paske, se tout sa m konnen, se dè èt imen. Ou wè, m ta vle ba l lanmen, men li pat gen okenn men. Li anba la a nan tonm lan, fin pouri. Ou wè?

352 M te panse: “O la la, m espere m pa gen pou m al nan sa.” Kounye a, m te...Kounye a m pral di nou laverite. M-m te pè mouri; pa pè pou m ta pèdi, men m pat vle yon lespri. M te vle rete yon òm. M te vle tann pou Anlèyman an, ou wè. M te jis vle ret kon sa. M pat vle vin okenn lespri, ale nan viwonn lan. M tap lonje la a, ap panse sa.

353 Epi, toudenkou, te g on bagay ki te rive. [Frè Branham te klake dwèt li yon fwa—Editè a.]

354 Kounye a, nou konnen, e nou tout okouran, de vizyon yo. E si sa te yon vizyon, m pat janm gen youn kon sa, ou wè. E m te genyen yo depi m te yon ti bout gason.

355 Epi, toudenkou, yon bagay te rive. E m te santi m ap pati. M te panse: “Uh-o.” E m-m te panse: “M-m deja mouri, ou wè, e m-m fin ale.” Ou wè?

356 E m te rive yon kote, epi m te panse: “M kwè m ap gade dèyè.” Se te jis reyèl, zanmi, menm jan m kanpe isi a menm. Ou wè? Epi m te vire tounen, pou gade dèyè. E men m te la a, lonje nan kabann lan. E m te detire, lonje bò kot madanm mwen.

357 M te panse: “Ebyen, se te petèt yon atak kè.” Ou wè? M te panse: “Ebyen, ou wè, m te jis mouri touswit,” ki t ap on bon fason pou pati. Kidonk, m te panse: “Sa s on atak kè. M pat gen pou m soufri.” M te gade, epi m te panse: “Ebyen, kounye a, sa dwòl. Men m lonje, la a menm; epi men m kanpe, isi a.”

358 Kifè m te vire. Sa te sanble yon gwo-tankou yon gran gwo chan, tankou, oswa yon bagay, jis yon gran chan blayi ak zèb vèt. Epi-epi m te di: “Ebyen, m mande m sa sa ye?”

359 Epi, toudenkou, antan m t ap gade, men dè milye fwa milye jenn fanm, tout nan rad blan, cheve pandye rive sou tay yo, pye atè, epi yo t ap kouri dwat sou mwen. M te panse: “Kounye a kisa sa ye?”

360 M te vire, te gad dèyè la a, epi men m te la a; epi m te gad nan direksyon sa a, men yo vin la a. M te mòde dwèt mwen. “Mwen-m-m-m pa nan dòmi, egzakteman.” Men, m te ka gen sansasyon. Epi m te di: “Ebyen, alò, yon bagay isi a, dwòl.”

361 E tout fanm sa yo vini, ap kouri. E m pat janm wè fanm ki bèl konsa! E yo tout vini, ap kouri sou mwen. E lè yo kouri sou mwen...

362 Nou konn kijan m t ap ye, jan de...Yo rele m yon rayi fanm, men m pa sa, ou wè. Men, m-m jis panse, yon bon fanm se youn nan...s on bijou. Men, m panse, youn ki pa bon, se, jan Salomon di: “dlo nan san w.” Kidonk se sèten m pa bezwen fanm move repitasyon oswa pakèt afè yo.

363 E kidonk tout fanm sa yo vini. Yo te kòmanse voye bra yo nan kou m. Kounye a, sa pa abitye fèt. Nou konnen m pa t ap kanpe pou sa. Kidonk, e yo te...Kounye a, m pral oblije di sa nan yon fason, ke, m-m s on piblik mik. Men, yo te, yo te dè fanm. Yo te fanm. E yo-yo te vlope m, yo chak, epi te di: “Presye frè nou-nou!” E youn t ap vlope m, epi apre lòt la t ap vlope m.

364 M te kanpe la a, ap gade. M te panse: “Ebyen, kounye a, sa sa ye?” Ou wè? E yo te kanpe la a. M te panse: “Sa k te rive?” M te tounen gad anba. Men m te la a, lonje dwat anba la a; e men m te isi a, kanpe *isi* a. M te panse: “Kounye a, sa dwòl. Mwen-m pa konprann li.”

365 E fanm sa yo te rele: “O, presye frè nou,” e t ap vlope m. Kounye a, yo te fanm nan tout sans, fason w santi l.

366 Kounye a padone m, sè yo, antan m di sa, paske...Men nou koute doktè nou; epi si n pa gen lespri pwòp, alò nou pa Kretyen. M pa bezwen konnen...

367 M te toujou viv pwòp. Bondye konn sa. Lè m te yon ti gason, Zanj Seyè a te di m pou m pa souye kò m, fimen, oswa bwè. E se te laverite. Pa gras Bondye a, m te kenbe sa. Lè m t on pechè, m pat kouri viwonnen ak fanm. E kidonk...

368 Men nenpòt nonm ki kite yon fanm vlope nan bra l, kòm li fèt ak selil mal, e limenm yon femèl, g on sansasyon. M pa bezwen konn kimoun ou ye, kounye a, pa di m ou pa sa, si w s on moun an sante.

369 Men, pa La a; paske nou pa gen diferan selil, ankò. Nou pap janm peche La a. Te g on chanjman. Pat gen plis pase jis yon lanmou fratènèl pou fanm sa yo.

370 Menm si, nan gras ke yo te sanble a; m panse, yon-yon fanm, yon fanm debyen ki kenbe tèt li dwat, epi mache tankou yon dam, li s on-li s on egzant de yon bijou sou latè. M-m renmen nenpòt bagay ki gen gras. M panse, yon-yon fanm ki kenbe plas li, epi eseye vin yon dam, s on-s on estati lonè. M kwè sa. E m panse, youn ki pa sa, se jis tankou Kris la-la ak antikris la, menm bagay la.

371 M-m renmen nenpòt bagay ki natirèl. Tankou yon bèl chwal, oswa nenpòt bagay, li jis kanpe nan estati l de yon vrè bèl chwal. Oswa, nenpòt bagay kon sa, yon bèl mòn, bèl fanm, bèl gason, nenpòt bagay ki kanpe nan fason Bondye fè l, m te toujou admire sa.

372 E sa yo te pafè. Men sa pat enpòtan nan ki pwen yo t ap vlope m nan bra yo, e yo te dè fanm, nou konprann, men pat ka janm gen okenn peche. Glann mal yo ak glann femèl yo, toude, te disparèt. [Frè Branham bat men l ansanm yon fwa—Editè a.] Mèsi Seyè! Yo te sè m, nèt.

373 M te gade. Epi m kòmanse...M-m te gad men m; m te wè yo tout te sitèlman jenn. Epi m te gade; m te jenn, tou. E m...

374 Epi pèdi cheve m, kòm yon jennonm; mete asid fenik sou yo, yon kwafè te fè sa, epi te retire tout lè m te jis yon gason. E sa te toujou yon jan de yon-yon bagay pou mwen, ke m-m-m atrap yon rim sitèlman rapid, paske po tèt mwen toujou mou, nou konnen. E rasin cheve m toujou la a, men asid fenik la te boule l, epi cheve a pa ka janm pouse, ou wè.

375 E m t ale, madanm mwen, lè m...sa fè plizyè lane, e te achte yon fo cheve pou m mete, yon ti moso cheve, pou mete, kouvri tèt mwen. Men m te toujou wont mete l, paske li te sanble li t on fo bagay. E m pat vle anyen k fo.

376 E kifè m te panse: “M ap jis mete yon bonè.” Apresa, m te fè l, pandan on moman. Nou konn sa yo te fè? Yo te vle rele m “evèk” lè sa a, te di m te vle pou m...Ou wè? M te jis di: “Ba l vag.”

377 Kidonk m jis soufri ak move rim lan, epi kite l...Men, kounye a, nou jis ap monte fenèt sa yo, nenpòt bagay, ti lè sa a pase dwat kon sa, gason, m pran l.

378 E m t al kot yon doktè epi m te mande l, kisa l te panse. Li te di: “Ebyen, ou wè, twou nan po w yo-yo louvri. W ap swe, nan preche. Lè sa a vini. Li-li met yon jèm rim isi a nan flenn lan, epi l kouri desann nan gòj ou. Nan demen maten ou anwe. Se sa.”

379 Epi-epi kidonk, o la la, noumenm kanmarad ki gen cheve, nou pa konn kijan nou ta dwe rekonesan, epi pou n genyen l. Sa se vre. Ou wè?

380 Ebyen, kounye a, m te dekouvri, lè sa a, ke m-m pral...Youn nan jou sa yo, si m pa gen dan m yo, m pral dwe gen kèk nan yo, epi, kidonk, osinon ret san yo.

381 Kidonk si yon kanmarad-si yon kanmarad...Ebyen, m pat panse ke sa tap pi bon pou yon nonm, si l te vle fè l, pou mete yon fo cheve, pase sa t ap ye pou yon fanm mete youn nan sourit oswa rat sa yo, kèlkeswa sa yo mete nan cheve yo kon sa, pou fè l gonfle. Ou wè? Men-men, byensi, si n fè l, sa depann de poukisa n ap fè l. Ou wè? Sa depann de poukisa n ap fè l. E kidonk...

382 Men, tout jan, kanpe la a, m te manyen, e m te gen cheve m ankò. O la la! M te jenn. E sila yo, tout sila yo, jenn! E m te panse: "Ebyen, èske sa pa dwòl! Men yo isi a." E yo tout t ap kouri...

383 E m te wè yo kap vini, e mwen-m wè Hope kap vini. Li te parèt... Nou konnen, li te mouri a venndezan. Li te toujou osi bèl. Anpil nan nou sonje l; gwo je nwa li yo. Li te dorijin Alman. Cheve nwa l te tonbe sou do l. M te panse: "Kounye a, lè l pral vini, li pral di-li pral di: 'Bill.' M si. M si li pral di: 'Bill', lè l pral vini."

384 M tap gade. E tout medam sa yo tap vin e yo te kwowe m, e yo tap di: "Oh, presye frè, nou tèlman kontan wè w!" E m te panse... yo tout abiye menm jan, men cheve yo te diferan, nou konnen, cheve wouj, cheve nwa, cheve blon. Epi-epi yo tap vin sou mwen, men yo tout te jèn.

385 E lè l rive sou mwen, m te panse: "M pral wè sa l pral di."

386 Li gade m, epi l di: "Oh presye frè nou!" Li kwowe m, e l jis kontinye. On lòt dam vini, tou pa l, li kwoke m .

387 E m tandè on bri. E m gade bò sa a, e men on gwoup nèg ki tap vini, jèn nèg, yo tout te gen apeprè ventan. Yo te gen cheve fonsè, epi cheve blon. E yo tout te pote rad blan, e yo te pye atè. E yo kouri jwen mwen e yo kòmanse kwoke m, ap rele: "Presye frè!"

388 M te panse. M vire gade dèyè, e m te toujou lonje la a. E m te panse: "Eben, alò, sa a etranj."

389 E nan moman sa a, on Vwa kòmanse pale avè m. M pa janm wè Vwa a. Li tap di: " Ou vin rasanble, ou-ou vin rasanble ak pèp ou." Apresa, on nèg pran m, e li plase m trè wo, sou on bagay trè wo *konsa*.

M di: "Poukisa w fè sa?"

Li di: "Ou te on lidè sou latè a."

E m di: "Men, mwen-m pa konprann."

390 E Vwa sa a tap pale avè m. M pat janm ka wè Vwa a. Bon, Li te jis anlè m, ap pale avè m.

391 M di: "Eben, si m-m mouri, m vle wè Jezi." M di: "Mwen...Li te tèlman... Li te tout vi m. M vle wè L."

Alò Li di: "Ou poko ka wè L kounye a. Li pi wo toujou."

392 Nou wè, se te anba lotèl la, la a, sizyèm plas la, kote lèzòm ale, nou wè; pa setyèm lan, kote Bondye ye, setyèm dimansyon an. Sizyèm lan!

393 E yo te-e yo te tout la a, yo tap pase devan m. E m di... Te sanble te gen milyon nan yo. M pat janm wè yo... Epi, lè m vin chita la a, dam sa yo ak nèg sa yo te kontinye ap vin sou mwen epi ap kwoke m, ap rele m “frè.” E m te chita la a.

394 E apres a Vwa sa a di: “Ou vin rasanble ak pèp ou, menm jan Jakòb te rasanble ak pèp li.”

M di: “Tout sa yo, pèp mwen? Èske tout se Branham?”

Li di: “Non. Se pa w yo ki konvèti a Kris.”

395 M gade toutotou. E te gon trè bèl dam ki tap kouri ki parèt. Li te sanble ak lòt yo. Li vlope m, e l di: “Oh, presye frè m!” Li gade m.

396 M te panse: “Oh lala! Li te sanble on Anj.” Epi l kontinye.

Epi Vwa sa a di: “Ou pa rekonèt li?”

M di: “Non, m pa rekonèt li.”

397 Li di: “Li te gen plis ke katrevendizan lè ou te mennen l a Kris.” Li di: “Ou konn poukisa li gen anpil estim pou ou?”

M di: “Bèl jèn fi sa a te gen plis ke katrevendizan?”

398 “Wi.” Li di: “Li pa ka janm chanje ankò, kounye a.” Li di: “Men poukisa lap di, ‘Presye frè.’”

399 M te panse: “Oh lala! Epi m te pè bagay sa a? Men, moun sa yo reyèl.” Yo, yo pa ta pral okenn kote. Yo pat fatige, pou yo te La a.

Epi m di: “Eben, poukisa m pa ka wè Jezi?”

400 Li di: “Eben, Li pral-Li pral vini on jou. E Lap vin a ou, an premye, epi apres a wap jije.” Li di: “Moun sa yo, se moun ki te konvèti gras a Ou, ke W te kondwi.”

401 Epi m di: “Ou vle di, paske m son lidè, ke mwen...Li pral jije m?”

Li di: “Wi.”

402 Epi m di: “Èske tout lidè yo pral jije konsa?”

Li di: "Wi."

M di: "Ou pou Pòl?"

Li di: "Lap oblije jije ak pa l yo."

403 "Eben," m di: "si gwoup pa la ap antre, pa m lan ap antre tou, paske m preche egzakteman menm Pawòl la." Se sa. M di: "Kote l batize Non Jezi, m fè l tou. M preche..."

404 E dè milyon kriye, tout an menm tan, yo di: "Nou repoze sou Sa!"

405 E m te panse: "Oh lala! Si sèlman m te konn sa anvan m vin la a, m tap fè moun yo vin la a. Yo pa ka pèmèt yo pou rate sa a. Men, gade la a!" E apre...

406 E L di: "Bon, on jou Lap vini, e apres... Kounye a, isi a, nou pa manje, nou pa bwè, nou pa dòmi. Nou jis fè youn."

407 Eben, li pa parfè; li plis ke parfè. Li pa siblim; li plis ke siblim. Pa gen mo ki ka... Ou pa ka panse... pa gen nan vokabilè a pou eksprime l. Ou jis rive, se fini.

408 E m te panse: "Eben, sa a, sa a tap parfè. E alò, apres, kisa nap fè?"

409 Li di: "Alò, lè Jezi pral vini, e ke nap...e ke L jije w, oswa pou ministè w, lè a nap tounen sou latè a, e nap reprann kò." Eben, mwen-m pat janm panse a sa moman sa a. Sa se egzakteman Ekriti a. Li di: "Alò nap tounen sou latè a, epi nap reprann kò, lè a nap manje. Isi a nou pa manje, nou pa dòmi tou." Li di: "Nou manje lòt bò a, men nap tounen sou latè a."

410 M te panse: "Oh, èske se pa bèl bagay! Oh lala! E m te pè sa. Poukisa m te pè mouri, pou vin la a? Eben, sa se pèfeksyon, sou pèfeksyon, sou pèfeksyon. Oh, sa a bèl!"

411 Nou wè, nou te jis anba lotèl la. Nou wè? Se te sa, nou wè, jis anba lotèl la, ap tann pou Vini a, nou wè, pou L al chache sa yo ki tap dòmi nan... kò yo-yo kap dòmi nan pousyè a, pou resisite nou ankò; Li ta vini pou resisite nou.

412 Tankou Jezi te al nan paradi, e L te fè Abraram monte, Izarak, e tout sa yo, nou konnen, ki tap tann premye rezirèksyon an. Yo te antre nan vil la e yo te parèt devan plizyè.

413 Li parfètman Biblik. Se sa vizyon sa a te ye, ou kèlkeswa sal te ye, li te parfètman Biblik.

414 E m di: "Eben, èske sa pa bèl bagay!" E apres m panse: "Èske sa pa bèl-...?"

415 M tande on bri, tankou on kri on chwal. Epi m gade. E ti chwal mwen ke m te konn monte lontan, ti Prens, m te tèlman renmen l. Li te la a, kanpe bò kote m, e l te apiye tèt li sou

zepòl mwen, pou vlope m. Janm te konn ba l sik, nou konnen, lè l apiye... m vlope l. M di: "Prens, m te konnen ou tap la."

M santi on bagay ti niche men m. Se te vye chen lachas mwen.

416 Lè-lè Mr. Short, lòt bò a, te anpwazonnen l, m te jire k m ta pral touye Mr. Short poutèt sa. M te gen apeprè sèzan. Li te anpwazonnen l, li te ba l on boulèt anpwazone. E papa m bare m ak on fizi, m ta pral desann pou tire l, nan estasyon polis la menm. E m te di: "Map touye l." M di: "Eben..." M tal nan tonm chen an. Mwen-mwen antere l. M di: "Fritz, ou te tankou on konpayon pou mwen. Ou abiye m epi ou mennen m lekòl. Lè w tap granmoun, m ta pral pran swen w. Kounye a, yo touye w." M di: "M pwomèt ou, Fritz, ke li pap viv." M di: "M pwomèt ou, li pap viv. On jou map pran l nan lari a, ap mache, lè sa a map kraze l, ou wè." Epi m di: "Map vanje w."

417 Men nou konn on bagay? M mennen nonm sa a bay Kris, m batize l nan Non Jezi, e mwen antere l lè lanmò li. Wi, msye. M te konvèti anviwon dezan apres. M te wè bagay yo diferan lè sa a, nou wè. M te renmen l olye m rayi l.

418 Alò, men, se konsa Fritz te kanpe la a, ap niche men m. Epi m te...M tap gade.

419 M pat ka kriye. Pèsonn te ka kriye. Te gen lajwa sèlman. Ou pat ka tris, paske te gen kè kontan sèlman. Ou pat ka mouri, paske te gen Lavi sèlman. Nou wè? Nou wè? Ou pat ka vyeyi, paske te gen lajenès sèlman. E se sa ki...Li jis parfè. M te panse: "Oh, èske sa pa bèl bagay!" Epi milyon yo... Oh lala! M te vrèman lakay mwen, nou wè.

420 Epi-epi jis nan moman sa a, m tande on Vwa. E L rele, Li di: "Tout sa yo ke w te janm renmen..." rekonpans pou sèvis mwen. M pa bezwen rekonpans. Li di: "Tout sa yo ke w te janm renmen, e tout sa yo ki te janm renmen w, Bondye ba ou yo."

M di: "Lwanj pou Seyè a!"

421 M te santi m dwòl. M te panse: "Kisa kap pase? M santi m dwòl." M vire tounen epi m gade. Kò m tap bouje, sou kabann lan. M di: "Oh, m pa oblije tounen, sèten. Pa, pa kite m ale."

422 Men fòk Evanjil la te preche. Jis on segonn, m te sou kabann lan ankò, wè, konsa.

423 Pa plis ke de mwa de sa, ke... nou tande l, nou li l nan-nan Vwa Biznisman yo. Li ale atravè mond lan, wè. Epi Frè Norman, isit la, m sipoze li isit la a, on kote aswè a. Li tradwi l, e li voye l sou fòm trak. L ale toupatou. Epi anpil predikatè ekri m, e yo di...

424 M gen youn la a, map jis pale de li. Te gen dè santèn de yo, evidaman. Li menm, li di: “Frè Branham, vizyon w nan Vwa Biznisman yo...”

425 E m apresye Tommy Nickels, byenke li pa avèk Biznisman yo ankò. M pa konn poukisa, men li pa avè yo. Men li byen rakonte l la a, kote m di. La a nan magazin trinitè sa a, li di: “Kote mwen... kote Pòl te batize nan Non Jezi, e l te bay pèp la lòd pou yo fè menm bagay la tou, m te fè menm bagay la tou.” Nou wè, li rakonte l, jan li te ye a. Nou wè? E alò mwen-mwen-m te panse: “Oh lala!”

426 Predikatè sa a ekri m, li di: “Frè Branham, vizyon w...”

427 Kifè, li te kapab on vizyon. Li di... kounye a, m pa vle di, ‘anlèvman.” Si Pòl... Si m te transpòte nan premye syèl sa a e ke mwen wè sa a, kisa nap di de Pòl ki te transpòte anlè nèt nan twazyèm syèl la? Kisa nap di de sa? Li di ke l pat ka menm pale de sa, nou wè, si l te transpòte. Èske se t on anlèvman, m pa konnen. M ka di. M pa ka di nou.

428 Men predikatè sa a di: “Frè Branham, vizyon w te sanble trè biblik e korèk jiskaske w pale de on chwal ki te la a.” Li di: “On chwal nan Syèl la?” Li di... Kounye a, nou wè espri eklezyastik sa a, sajès lèzòm? Nou wè? Li di: “Syèl la te fèt pou èt imen, pa pou chwal.”

429 Eben, m te chita. Billy, pitit gason m lan, te depoze lèt la nan ansyen biwo m lan, isit la, nan legliz la, petèt twa ou kat mwa de sa.

430 M te di: “Frè presye mwen, m sezi de sajès ou, men, e konesans ou de Lekriti. M pat di ke m te nan Syèl. M te di se te nan yon plas tankou paradi, paske Kris te toujou anwo, ou wè. Men,” m di: “si sa ta ka ba w satisfaksyon, vire nan Apokalips 19. Epi lè Jezi soti nan syèl yo ki nan Syèl la, L ap monte yon chwal blan, e tout sen yo avè Li ap monte sou chwal.” Egzak. Absoliman. Wi, se vre.

431 E anwo nan menm Plas sa a, te gen youn ki te sanble yon zèg, ak youn ki te sanble yon towò, ak youn... Ebyen, o la la, kote chwal sa yo ki te vin chache Eli? Sa a jis montre nou, wè, ke lespri imen an jis ap chache pwoblèm. Se vre.

432 Kounye a remake. Men m te jis ap panse, tankou presye frè sa a, ki ranpli ak lanmou, Jan... M te jis panse se t ap yon bon kote pou antre sa, jis anvan pou konkli, ou wè. Si Jan te gade La a, e ke te gen frè l yo la a, ou wè, frè l yo ki te soufri on tika; alò, ou wè, Seyè Bondye a te pèmèt mwen wè, frè m yo ak sen yo ki t ap tann Vini Seyè an. Remake, yo pat anba lotèl sakrifis la; pa m yo pat la. Men, sa yo te la a, yo te dè mati. Ou wè? Pa m yo pat anba lotèl mati yo.

433 Kounye a m vle nou koute vrèman byen. Epi m ap konkli, pou tout bon, jis apeprè nan di minit, a dizè, si m dwe jis koupe ladan l epi fini l demen.

434 Gade. Yo, yo pat, pa m...sa yo ke Seyè a te montre m, Epouz la, Li pat anba blòk mati yo, non, lotèl sakrifis mati yo; men yo te gen rad blan, paske yo te asepte lagras padon Pawòl vivan an. Kris te ba yo yon rad blan. M pa panse ke, pa ouvèti...

435 Oswa, m panse, pito, pa ouvèti Senkyèm So an, jan m kwè, ke Li devwale pou nou. M fè l, ak bon konsyans, ak on revelasyon klè devan Bondye. M pa eseye jis fè l, panse, paske m te toujou kont òganizasyon, m pa tap janm fè pati de yo. Men Li devwale pou mwen kounye a.

436 E m panse on lòt bagay. Ouvèti Senkyèm So sa a, nan jou sa a, mete on doktrin dwat isi a menm, ke m te ka pale de, de nanm k ap dòmi. Kounye a, m reyalize ke gen moun isi a ki kwè sa a, ou wè, nan nanm k ap dòmi. M panse ke Sa pa apwouve sa a. Yo pap dòmi. Yo vivan. Kò yo, ap dòmi. Men, nanm lan, pa nan tonm lan, yo nan Prezans Bondye, ou wè, anba lotèl la a.

437 Men kote mwen pa dakò ak yon presye frè, yon anseyan. E, m remake, m konnen, m wè kèk nan moun li yo ki chita isi a. Epi, mwen reyalize ke s on gran anseyan. Li s on doktè, e yon-yon Doktè nan Teyoloji, ak yon Ph., L.L.D. E li son-li s on bon moun tout bon, tou. M panse li mouri, nan moman an. Men l te yon bon moun, e yon bon ekriven. E se Frè Uriah Smith, otè *Danyèl ak Apokalips*. Kounye a, pou noumenm moun yo k ap swiv ansèyman l yo, ou wè, kounye a m pa...m pa jis...m pa vle di sa a nan frekan, men m jis... Ou wè?

438 Men, Frè Smith, e ap eseye soutni, ou wè, e ap eseye soutni pawòl nanm k ap dòmi, la a li mansyone ke: "Nannm lan ap dòmi. E pa gen okenn lotèl sakrifis nan Syèl. Ke, sèl lotèl yo te pale de li se," ke l kwè se nan Syèl: "se lotèl pafen." Men pou nou, zanmi m yo...E san m pa diferan ak frè m lan. M ap petèt...espere rankontre l sou lòt bò a, ou wè. M pa eseye diferan ak gran anseyan sa a.

439 Men jis pou montre nou kijan Sa pa apwouve sa a, ou wè. Li pa apwouve l. Ouvèti So sa a, nan dènye jou sa a, li jis retire nanm k ap dòmi dwat sou chimen an. Ou wè? Yo vivan. Yo pa mouri. Ou wè? Remake.

440 Remake sa kounye a. Kounye a, si pa gen lotèl sakrifis nan Syèl la, ki kote sakrifis pou peche lonje lè a, Ayo an? Fòk g on plas kote Ayo sa a yo touye a, ki kouvri ak san, lonje la a, kote San an...li.

441 Kounye a, pafen an se te bon lodè, bagay yo te boule ki te gen bon lodè, ke Bib la te di se te “lapriyè sen yo.” Si pa gen okenn sakrifis sou lotèl la, alò yo pa ka resevwa lapriyè yo. Se pa San an sèlman, sou lotèl sakrifis la, ki kite priyè yo monte jiska Bondye.

442 Frè Smith te nan lerè, ou wè. Pa ke m pa dakò avè l; m panse m te klè, ak lanmou fratènèl epi respè pou gran travay li a, ou wè. Men li te nan lerè.

443 Senkyèm So a te devwale sa a, ou wè, ou wè; anpil lòt bagay, si nou te kapte sa. Ou wè? M ap tann kesyon m yo, pou wè, si m...Trè byen.

444 Kounye a, kote lach la te ye; Ayo yo te touye a, blese, ap senyen, kouvri ak san pou ekspiyasyon, pou lapriyè sa yo ki gen bon lodè?

445 Remake, Bib la di: “Si yo detwi tabènak sou latè a kote nou abite an, nou deja gen youn k ap tann.” Se kote sa a m te wè sen sa yo. Ou wè?

446 Gade lè yon bebe...Eskize m ankò, sè, pou pale klè konsa devan jenn fanm. Men, gade. Lè yon manman te ansent, e ti gwoup misk sa a kap tòdye epi sote, nou konprann, se yon kò natirèl. E jis antan lanati ap fè kò natirèl sa aji...

447 Èske n te janm remake madanm nou, anvan ti sa yo te fèt? Li toujou, dwat nan dènye moman an, vin vrèman janti, dous. Si l pat konsa, tout vi l, se sa l pral ye lè sa a. Èske n te janm remake kijan l sen, oswa jan de santiman, ke nou remake nan manman an?

448 Epi nou wè kèk pechè deyò la a, pran plezi sou yon manman ki s on-on fanm ansent. M panse sa ridikil. Se lavi k ap vin nan mond lan.

449 Men èske n te remake, nan viwonn manman sa a sanble g on santiman dousè? Kisa l ye? S on ti kò espiyèl, lavi espiyèl, k ap tann pou l vin nan ti kò sa a osito ke l fèt. Kounye a yo sèlman anjandre l; men, lè l fèt, li fèt. Kò espiyèl la fè youn ak kò natirèl la.

450 Epi, apres, Bib la anseyen ke kounye a Bondye anjandre nou. Sentespri a anjandre nou, konsa, Kris nan nou, yon pitit Bondye k ap fòme nan nou. E lè kò sou latè sa a ap detwi, kò espiyèl sa a sot nan zantray latè a, g on lòt kò k ap tann pou resevwa l. “Si tabènak sou latè sa a tonbe, g on lòt kò pou resevwa l.” Kò mòtèl sa a mete yon imòtalite. Terès sa a mete yon selès. Sa a, ou wè sa m vle di? G on kò natirèl ki nan peche; men, nan fè li, menm jan avè l, g on lòt kò ke nou pral ladan.

451 E m tèlman rekonesan anvè Bondye ke m ka di, kòm pastè nou ak frè nou, ke m te wè moun sa yo, m sètifye l ba nou, nan kò sa a, e m te manyen yo ak men m. Se vre. Remake.

452 Gade. Gade Moyiz, Eli. Apre Moyiz te mouri, epi yo te pran Elize nan Syèl, li te kanpe isi a sou Mòn Transfigirasyon avèk sans li pou pale, tandè, konprann, epi l te pale ak Jezi anvan krisifiksyon Li. Kounye a, ki kalite kò l te genyen?

453 Gade Samuel, apre l te mouri depi apeprè de zan. Sòsyè Andò a te rele l tounen nan kav la-la jou swa sa a, epi l te pale ak Sayil te gon konvèsasyon; li te tandè Sayil, li te reponn li, epi l te konnen davans bagay ki ta pral rive. Lespri l toujou pat chanje. Li t on pwofèt.

454 Lè lespri Eli a pral vin sou nonm sa, li pral kondwi l jis tankou Eli. Li pral nan dezè a. L ap renmen zòn sovaj yo. L ap yon moun ki rayi fanm imoral. L ap kont òganizasyon. Li pap epanye pèsonn. E sa se jis...Sa se, sa pral lespri li. Se te sa, chak fwa l vini, ou wè.

Moyiz pral menm moun lan.

Kounye a, e nou dekouvri, nan Apokalips 22:8, menm bagay la.

455 Kounye a, oswa pou regle l, pou sila yo ki...Nanm sa yo (kounye a gade sa) anba lotèl la, nan kase So sa a, sa yo te touye nan peryòd ant lanmò Kris epi monte Legliz la; gwoup Eichmann lan, ak tout sa a, vrè Jwif sa yo ak non yo ekri nan Liv la. Si n ap gade, frè m, selon Lekriti, yo te ka pale, rele, pale, tandè, epi yo te gen tout senk sans yo. Yo pa tap dòmi nan tonm lan, san konesans. Yo te leve trè byen, epi te ka pale, pale, tandè, nenpòt lòt bagay. Se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] O, ede nou!

456 De minit. Amèn. M te regrèt m te kenbe nou yon demi èdtan. Non, m pa ka, m pa ta dwe di sa, ou wè. Ou wè? Se vre, ou wè.

457 Men, gade, men pi bon konprann mwen, pi bon an. E selon revelasyon ke Seyè Jezirki te ban mwen maten an jis anvan l jou, men Senkyèm So an ki louvri, pou al ak lòt kat yo. Pa gras Li, Li te ban mwen l, gras Li pou noumenm avè m. Nou di L mès pou Sa. E, ak èd Li, m gen entansyon viv pi pre...antan m ka viv, ap anseye lòt yo fè menm bagay la, jouk m rankontre L, avè nou, nan Laglwa, lè tout bagay fini. M renmen L pou sa, e se pi bon konesans mwen sou Sa.

458 E m vrèman kwè, ak tout kè m, ke vrè revelasyon yo de revele Premye, Dezyèm, Twazyèm, Katryèm, ak Senkyèm So yo, louvri pou nou kounye a.

Mwen renmen Li, mwen renmen Li

Paske L te renmen m an premye

[Frè Branham pale dousman ak yon moun—Editè a.]

Sou bwa Kalvè a.

[Frè Branham kòmanse fredone *Mwen Renmen Li*—Editè a.]

459 Kounye a, dousman, ak respè, devan Bondye! Antan n te wè So sa a dewwale pou nou, Bondye ki te dwe pran Pwòp pitit Li renmen yo epi fè je yo avèg, epi voye yo, paske Pwòp jistis-jistis Li mande jijman pou peche. Panse a sa. Jistis Li, ak sentete Li mande jistis. Yon lwa san sanksyon se pa lalwa. E Pwòp lwa L yo, Limenm, Li pa ka defye epi toujou ret Bondye.

460 Se pou rezon sa a Bondye te dwe vin lòm. Li pat ka pran yon ranplasan, yon pitit gason ki pat...jis yon pitit gason òdinè pou Li, oswa yon bagay. Bondye te vin toude, Jezi te vin toude Pitit ak Bondye, sèl fason Li te ka fè l ak jistis. Bondye te dwe pran sanksyon an, Limenm. Li pa t ap jis, pou mete l sou yon lòt moun, yon lòt pèsòn. Kidonk, Pèsòn Jezi a se te Bondye, ki te manifeste nan lachè, ki te rele Emanyèl.

461 E pou fè sa, e pou pran yon Epouz, epi pou sove yon gwoup payen Moun lòt Nasyon ki te pèdi, Li te dwe rann Pwòp pitit Li yo avèg. Epi apre pini yo pou sa, nan lachè, poutèt rejè. Men gras Li te bay rad. Men, Lavi a, ou wè sa k te pase.

462 E si L te dwe fè sa, pou n gen yon chans, kijan n ka rejte chans sa a nan lanmou? Si gen nan bildin sa a, aswè a, moun sa a, jenn oswa granmoun, ki te rejte jouk nan moman sa a okazyon sa a ki te koute Bondye yon pri konsa, e nou ta renmen asepte òf sa a pou Bondye, aswè a; ke n pa dwe, otan ke n janm konnen, vin yon mati, menm si nou ka sa. Men yon rad blan te bay pou nou. E si Bondye frape nan kè nou kounye a, pouki nou pa asepte !! [Frè Branham frape sou lestrad la twa fwa—Editè a.]

Kounye ann koube tèt nou ankò.

463 Si moun sa a, oswa dè moun, anndan isi a, ki anvi sa, oswa vle asepte l sou baz lafwa nou nan San ki koule a ke Bondye te dwe fè koule pou nou, te soufri pi plis pase nenpòt bagay ke nenpòt lòt mòtèl. Pat ka gen yon mòtèl k ap soufri kon sa. Jouk, Pwòp detrès Li te separe dlo L ak San Li, nan venn Li yo. Anvan L t al nan Kalvè, gout San t ap sot nan kò L, ak yon detrès konsa ak kè kraze ke sa L te gen pou L fè. Men, Li pa ta ka refize l, tou. Men, te dispoze fè l pou noumenm avè m. Èske nou ka rejte yon lanmou konsa ki pa ka konpare?

464 E n wè sa kounye a, pa ouvèti So sa yo; ke sa n te fè, e sa Bondye te fè pou nou. E nou pare pou n abandone lavi nou bay Bondye, e si L ap rache nou sot nan men antikris la ke nou landann kounye a? Èske n t ap asepte òf Li a, pa jis leve men nou ba Li, di: “Bondye, pa sa a, mwen montre. Mwen asepte òf lagras sa a.”

465 “E Frè Branham, mwen dezire priyè w, ke m va toujou ret fidèl.”

466 Leve men nou, e m ap priye. Bondye beni nou. Bondye beni nou. Panse sa kounye a. Pa-pa fè sa sòf si nou panse l. E dwat kote n chita a, asepte l la a menm. Paske, sonje, nou pa ta ka leve men nou sòf si Yon Bagay te di nou fè l. E anyen lòt pa ka fè l ke Bondye.

467 Kidonk, kounye a, lè n wè Lèzekriti dewoule pafètman konsa! Nou wè kisa k t ap pse, desann nan laj yo, dènye kèk lane yo, ven oswa trant an. Nou wè l konfime pafètman. Nou wè Lekriti k ap di egzakteman sa k te rive, e sa k pare pou rive. Alò, sou baz lafwa nan zèv Kris la, kote n chita a kounye a menm, e n te leve men nou, di: "Apati de minit sa a, sa regle. M pran Kris kounye a pou Sovè m. E m ap viv pou Li, pou rès lavi m. E m vle Bondye ranpli m ak Sentespri a." E si n pat batize nan Non Jezikri, basen an ap tann nou.

Ann lapriyè.

468 Seyè Bondye, te gen kèk gwo kantite men nan mitan moun yo, ki te leve. M sèten ke W se menm Seyè Jezi an menm ki te fè ekspiyasyon an pou nou, sa fè plizyè lane. E nan wè So sa yo ki revele, e gran bagay ki te pase isi a menm nan dènye kèk lane yo, m kwè ak tout kè m ke pòt mizèrikòd la ap kòmanse fenmen, e W pare pou fè vwayaj Ou kounye a pou rachte pèp Ou. Pandan gen plas, epi yon pòt louvri, jan sa te ye nan epòk Noye a, ke nanm presye sa yo ki viv nan kò tabènak sa a ki pral detwi yon jou, ki te leve men mòtèl sa a, sou anndan yo; poutèt konviksyon yo-yo ak pwofesyon yo, ke yo kwè epi yo vle asepte pwopozisyon W ba yo, pou lesali, sou Liv sele louvri sa a ki te louvri pou nou. Bay yo, aswè a, Seyè, yon rad de jistis Jezikri, epi abiye nanm yo nan sa a, ke yo te ka kanpe devan W nan Jou sa a ki trè pre, pafè, pa San Kris la.

469 Seyè Bondye, si yo pat batize nan Non Jezikri! E sou revelasyon ke W ban mwen konsènan sa; e nan wè ke Pòl te kòmande moun ki te batize pa Jan Batis, pou yo rebatize ankò nan Non Jezikri, pou yo resevwa Sentespri an, nan Ak 19. Mwen mande ke W va konvenk yo, Seyè, de Laverite, epi ke yo obeyi W.

470 Epi apre nan obeyisans aseptasyon yo, epi obeyisans konfesyon yo, epi al nan dlo an; ke W ranpli yo ak Sentespri a, an retou, pou pwisans nan sèvis, pou rès vi yo. Mwen remèt yo kounye a ba Ou, nan Non Ayo Bondye sakrifye an, Jezikri. Amèn. Amèn.

Mwen renmen Li, mwen renmen Li

Paske Li te renmen m an premye

E te rachte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

471 Kounye a, ba noumenm ki te gen men nou anlè. Obeyi lòd Lespri a, ki tap swiv konstitisyon Pawòl la, pou yon pechè ki repanti. Swiv li, nan chak aksyon. E Bondye nan Syèl la rekonpanse nou pou pozisyon nou pou Li. Seyè a beni nou.

472 Demen swa, pote kreyon nou ak papyè nou, kounye a, jan n te ye a. N ap tann pou n isi a nan menm lè a, a setè edmi, pil, si Seyè a vle. E pa...priye pou mwen, ke Bondye va louvri Sizyèm So an pou mwen, demen, ke m ap kapab pote L ban nou antan L ban mwen L. Annatandan, nou chante ankò. Pa sèlman atravè kantik, men atravè lwanj pou Sila ki te mouri nan plas nou e ki te rachte nou. *Mwen Renmen Li*. "Mwen..."

Men pastè nou kounye a.

...renmen Li, mwen renmen Li

Paske Li te renmen m an premye.